Æппæт бæстæты пролетартæ, бану ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990

АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ

25

ÆРТЫЦЦÆГ
№ 80 (17762)

Арæх 3 кап.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ АДÆМОН ДЕПУТАТТЫ ДЫККАГ ХАТТ ÆВЗÆРСТЫТЫ БÆРÆГГÆНÆНТЫ ТЫХХÆЙ ÆВЗАРÆН ОКРУГТЫ ÆВЗАРÆН КЪАМИСТЫ

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

1990 азы 22 апрелы Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатты дыккаг хатт æвзæрстыты округты æвзарæн къамистæ бахыгътой хъæлæс кæныны ахæм бæрæггæнæнтæ:

Æвзарæн округжы ном æмæ номыр	Мыггаг, ном æмæ фыды ном	Округжы æвзарджыты нумæйаг бæрц	Æвзæрстыты архайæг æвзарджыты бæрц.	Кандидаты фарс хъæлæсты бæрц.	Кандидаты ныхмæ хъæлæсты бæрц.	Растыл нымад чи не 'рцыд, уыцы бюллетены бæрц
Куртатовы	**Бестауты Р. И.**	2910	1989	324	1584	81
4-æм æвзарæн	**Гуыбаты К. А.**	2910	1989	848	1060	81
округ	**Токаты Н. Х.**	2910	1989	661	1247	81

Кандидаттæй иу дæр æвзæрст не 'рцыд. **Гуыбаты К. А.** æмæ **Токаты Н. Х.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Фæскомцæдисон	**Бигъаты М. Хъ.**	2091	1662	945	682	35
9-æм æвзарæн	**Уататы Б. З.**	2094	1662	289	1338	35
округ	**Дзаттиаты В. С.**	2094	1662	293	1334	35

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Бигъаты** Мухарбег Хъуыдайнаты фырт, 1929 азы гуырд, Орджоникидзейы авджы заводы директор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Киевы	**Беккуызарты М. М.**	3060	2260	456	1768	36
12-æм æвзарæн	**Къадзты Хъ. Е.**	3060	2260	1373	851	36
округ	**Черчесты Г. Е.**	3060	2260	355	1869	36

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Къадзты** Хъамболат Ефимы фырт, 1937 азы гуырд, дзидзайы комбинат «Орджоникидзейаджы» директор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Владикавказы	**Тотраты Р. Х.**	3041	1737	270	1447	20
15-æм æвзарæн округ	**Цегойты А. У.**	3041	1737	1400	317	20

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Цегойты** Алексей Уырызмæджы фырт, 1938 азы гуырд, куыстадон иугонд «Бином»-ы генералон директор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Кутузовы	**Ахильгов Р. А.**	1941	1452	437	949	66
17-æм æвзарæн	**Касаты Т. К.**	1941	1452	341	1045	66
округ	**Ходы К. А.**	1941	1452	33	1353	66
	Цæлыккаты Р. Х.	1941	1452	521	865	66

Кандидаттæй иудæр æвзæрст не 'рцыд. **Ахильгов Р. А.** æмæ **Цæлыккаты Р. Х.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Бутырины	**Коваленко В. П.**	2406	1421	838	548	35
23-æм æвзарæн округ	**Къумехты В. К.**	2406	1421	469	917	35

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Коваленко** Виктор Павелы фырт, 1949 азы гуырд, завод «Радуга»-йы зырнæйзæлæг, г. Орджоникидзе.

Студентты	**Байаты Хъ. В.**	2128	1316	802	496	18
26-æм æвзарæн	**Габысаты З. М.**	2128	1316	195	1103	18
округ	**Кæбисаты С. В.**	2128	1316	269	1029	18

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Байаты** Хъазыбег Виссарионы фырт, 1935 азы гуырд, территорион иуыстадон иугонд «Цæгиравтотранс»-ы 1439-æм автоколонийы хицау, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Лермонтовы	**Ардасенты С. Г.**	2155	1639	988	582	69
40-æм æвзарæн	**Суанты И. С.**	2155	1639	366	1204	69
округ	**Чъерджиаты А. В.**	2155	1639	199	1378	69

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Ардасенты** Станислав Гасаны фырт, 1945 азы гуырд, «Цæгиррæстад»-ы арæзтады управленийы хицау, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Остроженкийы 51-æм	**Плеханов Ю. В.**	3697	1760	1088	672	36

ЕРЫСЫ БОНЫНГ

САДЗЫНЦ, ТАУЫНЦ

Фондзаваны къеронбæттæн аз сæхимæ стыр хæстæ райстой Хуымæллæджы инæлар Плиты Иссæйы номыл колхозы механизатортæ. Æмæ уалдзæджы фыццаг бонтæй фестæмæ хæдзардзинæй пайда кæныцц алы кусгæ сахатæй дæр. Мартъийы фæстаг бонты байтыдтой хохаг хъæдур сыеджыимæ æмхæццæйæ, æндæр холладжы культуртæ, похцийæ баластой фæзыгæндтæ, бахастой сæм минералон хъацæнтæ. Фесты картоф сагъд, 60 гектары, Ацы бæрнон куыстыты уæлдай рацыæлинагдæр сты механизатортæ Уæзæгты Нугзар, Зенджиаты Таймураз, Бадриаты Сергей, Уалыты Таймураз. Алчидæр сæ йæ хæслæвæрд ахицæн кæны 130 — 140 процентæй. Хорз уавæры сты хæдзарады фæзыгæндтæ, Колхозы сæйраг агроном куыд зæгъы, афтæмæй гектарæй æппынкъаддæр тыллæг бафснайдзысты 35 центнеры. Ныртæккæ дыууæ тракторон бригады уæнгтæ дæр мæр цæттæ кæныцц нартхор тауынмæ, Алы гектармæ дæр дзы бынæттон хъацæнтæ хаст æрцыд 50 тоннæйы, таугæйæ та ма сæм бахæссдзысты минералон хъацæнтæ, гектармæ 160 килограммы. Мыггаджы нартхор тыдкæм уыдзæн, уыцы хуымтæ ахсыиц 400 гектары æмæ сæ хорз бацæттæ колтой механизатортæ Гаситы Отарби æмæ Пхалæгаты Барис. Ацы куыстыты разæй цæуы. Бызыккаты Феликс разамынд кæмæн дæтты, уыцы мехъорд.

ЦÆЛОЙТЫ Е.



Цраучы совхоз «Коммунаров» фермæйы механизатор Давид Гогаладзе ын ис кад. У æнæзивæг.

КЪАМЫ: Давид ГОГАЛАДЗЕ.

Къам систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

РÆВДЗ КУСЫНЦ

МÆЗДÆГ (телефоней). Нæ уацхæссæг нæм куыд хъусыц кæны, афтæмæй рæвдз цæуыцц уалдзыгон быдыры куыстытæ колхоз «Ленины тырыса»-йы. Хæдзарад цыбыр æмгъуыдтæм тыд фæцис холладжы культуртæ æмæ æхсынæн. Ныртæккæ уыцы-хуымтæ цæхæры хуызæн равзæрдысты.

Ацы бонты стыр æргом здæхт цæуы нартхоры куыстмæ. Зæххытæ рагацау хорз фæлмæнтонд æрцыдысты. Ныртæккæ сæ тæмæнысты тауыны куыстытæ. Механизатортæ уал æртæ кустæ боимæ нартхор силосæн байтыдтой 350 гектарæй фылдæр. Фыццаг бонтæй фæстæмæ сæ хæслæвæрдтæ бирæ фылдæртæй ахицæн кæныцц механизатортæ Леонид Сумский, Михаил Хищин æмæ Анатолий Макаров. Хæслæвæрд 12,5 гектары уæвгæйæ сæ алчидæр байтауы 18—20 гектары бæрц.

Уыцы-иу рæстæг механизатортæ кæрдыцц райсы хуымтæ. Тыллæгтæй цы здæхтысты сæвæрд æмæ бынæттон æфсæдæн дæнæгтæ бон афæлдахынц, бахæссынц сæм минералон хъацæнтæ. Æмæ сæ цæттæ кæныцц нартхор тауынмæ.

Ли Пэн Мæскуыйы

22 апрелы Кремлы выхас кæныи райдыдтой Ли Пэн балцы семæ чи ис, уыцы китайаг официалон адæймæг-

17-æм æвзарæн округ	Ходы К. А.	1941	1452	521	865	66
	Цæлыккаты Р. Х.	1941	1452			

Кандидаттæй иудæр æвзæрст не 'рцыд. **Ахильгов Р. А.** æмæ **Цæлыккаты Р. Х.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Бутырины 23-æм æвзарæн округ	**Коваленко В. П.**	2406	1421	838	548	35
	Къумехты В. К.	2406	1421	469	917	35

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Коваленко** Виктор Павелы фырт, 1949 азы гуырд, завод «Радуга»-йы зырнæйзæлæг, г. Орджоникидзе.

Студенттæ 26-æм æвзарæн округ	**Байаты Хъ. В.**	2128	1316	802	496	18
	Габысаты З. М.	2128	1316	195	1103	18
	Клюев С. Б.	2128	1316	269	1029	18

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Байаты** Хъазыбег Виссарионы фырт, 1935 азы гуырд, территорион куыстадон нугонд «Цæгиравтотранс»-ы 1439-æм автоколоннæйы хицау, СЦКП-йы уæнг. г. Орджоникидзе.

Лермонтовы 40-æм æвзарæн округ	**Ардасенты С. Г.**	2155	1639	988	582	69
	Суанты Н. С.	2155	1639	366	1204	69
	Чъерджиаты А. В.	2155	1639	199	1378	69

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Ардасенты** Станислав Гасайы фырт, 1945 азы гуырд, «Цæгирарæзтад»-ы арæзтады управленийы хицау, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Островскийы 51-æм æвзарæн округ	**Плеханов Ю. В.**	2687	1769	1050	646	73
	Ходы Н. В.	2687	1769	549	1147	73

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Плеханов** Юрий Викторы фырт, 1939 азы гуырд, Æппæтцæдисон наукон-иртасæн æмæ конструкторон институт «Цветметавтоматикæ»-йы Цæгат Кавказы хайады директор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Котовскийы 53-æм æвзарæн округ	**Зæгъойты Г. Л.**	3678	2670	2266	404	—

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Зæгъойты** Гацыр Лексойы фырт, 1930 азы гуырд, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы партион контролы къамисы сæрдар, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Черняховы 57-æм æвзарæн округ	**Кукуй Я. М.**	4429	2871	1766	1048	57
	Челдыты А. Х.	4429	2871	935	1879	57

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Кукуй** Яков Матвейы фырт, 1937 азы гуырд, СЦКП-йы Орджоникидзейы горкомы дыккаг секретарь, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Мæскуыйы 65-æм æвзарæн округ	**Дзбойты М. Н.**	2400	1600	52	1548	—
	Таболты С. П.	2400	1600	1495	105	—

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Таболты** Солтанбег Петры фырт, 1946 азы гуырд, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Дыргъдæтты 74-æм æвзарæн округ	**Баскаты Н. А.**	3489	2492	620	1838	34
	Бесолты В. Г.	3489	2492	339	2119	34
	Хъайсынты М. Ю.	3489	2492	314	2144	34
	Уырымты Ч. Г.	3489	2492	1173	1285	34

Кандидаттæй иудæр æвзæрст не 'рцыд. **Баскаты Н. А.** æмæ **Уырымты Ч. Г.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Терчы 119-æм æвзарæн округ	**Подгурский А. П.**	3363	2876	2635	241	—

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Подгурский** Алексей Петры фырт, 1951 азы гуырд, Мæздæджы районы колхоз «Ленины тырыса»-йы сæрдар, СЦКП-йы уæнг, Терчы станицæ.

Æфсæнвæндадзы 125-æмæ взарæн округ	**Орешко В. Н.**	2723	1735	582	1153	—

Адæмон депутат æвзæрст не 'рцыд. Округжы уыдзысты дыккаг хатт æвзæрстытæ.

Майскы 134-æм æвзарæн округ	**Газдиев М. Я.**	3342	2752	804	1886	62
	Долаков Р. М.	3342	2752	1433	1257	62
	Цолоев М. А.	3342	2752	425	2265	62

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Долаков** Руслан Магометы фырт, 1939 азы гуырд, Майскы тарæйы куыстуаты директор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе.

Октябры 137-æм æвзарæн округ	**Александриди И. К.**	2479	2331	598	1666	67
	Бузуртанов М. И.	2479	2331	550	1714	67
	Дзæгъаты П. К.	2779	2331	962	1302	67
	Харебаты К. Д.	2479	2331	145	2119	67

Кандидаттæй иу дæр æвзæрст не 'рцыд. **Александри ди И. К.** æмæ **Дзæгъаты П. К.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Суворовы 139-æм æвзарæн округ	**Багаты В. С.**	2892	2246	555	1568	123
	Дзабиты В. А.	2892	2246	407	1716	123
	Тедеты Р. И.	2892	2246	571	1552	123
	Фарданиты А. А.	2892	2246	347	1776	123
	Хайты С. А.	2892	2246	201	1922	123

Кандидаттæй иудæр æвзæрст не 'рцыд. **Багаты В. С.** æмæ **Тедеты Р. Е.** кандидатурæтыл хъæлæс кæндзысты дыккаг хатт.

Æрхонкæйы 145-æм æвзарæн округ	**Калиниченко Д. М.**	3119	2823	572	2147	104
	Черпуцкий В. Н.	3119	2823	2086	633	104

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатæй æвзæрст æрцыд **Черпуцкий** Владимир Николайы фырт, 1951 азы гуырд, Æрхонкæйы районы рыпчындоны сæйраг дохтыр, СЦКП-йы уæнг, Æрхонкæйы станицæ.

Цæуы совхоз «Коммунизмæмæ фæндаджы» механизатортæ ацы бонты зæлынц дыргъдæттæм. Дыргъдоны кусгæйæ, фылдæр æнтысы механизатор Давид Гогаладзе-ий ис кад. У æнæзивæг.

КЪАМЫ: Давид ГОГАЛАДЗЕ.

Къам систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

Фæскомцæдисон Беллæ Домбровская иттæг хорз сахуыр кодта вазыгджын станоктыл кусын Орджоникидзейы æлхъывд уæлдæфæй кусæнгæрзты заводы. Цæуы раззагдæр куысджыты æмрæнхъ. Иæ конд продукци цæуы ну бавдыстæй, хæслæвæрдтæ æххæст кæны уæлдайджынтæй.

КЪАМЫ: Беллæ ДОМБРОВСКАЯ.

Къамтæ систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

ХОРЗ АРÆХСЫНЦ

Хорз арæхсынц нартхоры куыстмæ Цæлыччы совхоз «Октябры 50 азы» механизатортæ. Фарон уыдонæй фылдæр тыллæг нычи бафснайдта йæ бидыры. Уый руаджы дыууæ хатты фылдæрæй сæххæст кодтой паддзахадæн хор уæй кæныны пълан. Ацы аз дæр цæлыккаг механизатортæ бирæ хорз мадзæлттæ аразынц нартхоры хъæздыг тыллæг æрзайын кæнынæн. Фарон фæзыгъ анауыл афæлдахыны агъоммæ мæрмæ фаг бахастой хъацæнтæ. Уалдзæг куы фæрæстæг кодта, уæд зæххытæ похцийæ баластой. Цæмæй фæлмæндæр уой, уый тыххæй ма сæ бахуым кодтой, мæры цъар чи нæ фæлдахы, ахæм гутæттæй.

Ныртæккæ сæ тæмæны сты нартхор тауыны куыстытæ. Ацы культур сæм бацахсдзæн 1500 гектарæй фылдæр. Уыдонæй мыггагæн тыд æрцæудзæн æппынкъаддæр 500 гектары. Хæдзарад уал цыбыр æмгъуыдмæ нартхор байтыдта 100 гектары бæрц. Фыццаг бонтæй фæстæмæ хорз æнтысы механизатортæ Музайты Георгийæн, Хабæты Таймураз æмæ Къораты Николайæн. Алчидæр сæ йæ хæслæвæрд ахицæн кæны 140 — 150 процентæй. Нартхор тыд фæуыдзысты 10 — 15 кусгæ бонмæ.

Хорз афонты байтыдтой холладжы культуртæ, картоф, æхсынæн æмæ халсартæ. Цъæх адардтой раггæнд культурты хуымтæ ныридæгæн.

Иæ уацхæссæг.

Ли Пэн Мæскуыйы

22 апрелы Кремлы ныхас кæнын райдыдтой Ли Пэн æмæ Н. И. Рыжков.

Бæстон ныхас рауад ССР Цæдисы æмæ КАР-ы ахастдзинæдты æппæт фарстатыл. Ныхас цыдис хæлар уавæры.

* * *

Изæрмæй Кремлы Стыр галуаны ССР Цæдисы хицауады номæй сихор арæзт æрцыд Ли Пэны æмæ йæ бинойнаджы кадæн.

Уазджытимæ уыдысты, балцы семæ чи ис, уыцы китайаг официалон адæймæгтæ.

Советон Цæдисæй дзы уыдысты Н. И. Рыжков йæ бинойнагимæ, Э. А. Шеварднадзе, Е. М. Примаков, æндæр официалон адæймæгтæ.

Хæлар уавæры ацæуыг сихоры рæстæг Н. И. Рыжков æмæ Ли Пэн раныхас кодтой, сарæзтой сын къухæмдзæгъд.

(СЦТА).

ФÆСТАГ САХАТ

АУЫНАФФÆ КОДТОЙ

БРЮССЕЛЬ, 23 апрель. (СЦТА). Ныгуылæневропæйаг цæдисы — Ныгуылæн Европæйы 9 бæстæйы иугæнæг хæстон-политикон организацийы советы сесси абон ахицæн Бельгийы сæйраг горæты. Йæ куысты архайдтой Англисы, Бельгийы, Голландийы, Испанийы, Италийы, Люксембургы, Португалийы, ФРГ-йы æмæ Францы фæсарæйнаг хъуыддæгты æмæ хъахъхъæнынады министртæ.

Сæйраг æргом здæхт æрцыд, Скæсæневропæйаг бæстæты цы нвддзинæдтæ цæуы, уыдонмæ гæсгæ цы ног уавæр сæвзæрд, уыцы æууæлты æдасдзинады фарстатæм.

НОГ ПРЕЗИДЕНТ

(СЦТА). Никарагуайы уæлдæр æвзарæн советы сæрдар Марио Фиальес Виолетта Барриос де Чаморройæн радта Республикæйы президенты мандат. Уый уæлдæр паддзахадон бынатмæ æвзæрст æрцыд ацы аз 25 февралы æппæтон æвзæрстыты рæстæг.

Президенты мандат исгæйæ, Виолетта Барриос де Чаморро загъта, Никарагуайы «кæй райдайдзæн демократи». Уый бацамыдта, йæ хицауад кæй архайдзæн национ бафидыд къухы бафтын кæныныл.

СÆЙРАГ ÆРГОМ — СКÆСÆН ЕВРОПÆМÆ

ВАШИНГТОН, 23 апрель. (СЦТА). Ам ныхас кодтой АИШ-ы хицауад æмæ АИШ-мæ æрбацæуæг европæйаг экономикон æхсæнады стыр бынат ахсæг минæвæрттæ политикон æмæ экономикон æмгуыстад фидардæр кæныны фарстаты фæдыл. Америкаг делегацийы сæргъы уыдис паддзахадон секретарь Джеймс Бейкер, европæйаг æмæхсæнады делегацийы сæргъы — æмæхсæнады къамисы сæрдар Жак Делор.

Фембæлды фæстæ АИШ-ы æддагонполитикон ведомствойы сæргълæууæг куыд загъта, афтæмæй сæйраг ныхас цыдис Скæсæн Европæйыл, хицæнæй та уым цæуыг «политикон æмæ экономикон рацарæзтытыл».

ПАРТИОН ЦАРД: ДЗУАПДÆТТÆН-ÆВЗАРÆН ÆМБЫРДТÆ

ФИДАР ФÆТК ÆМÆ ÆГЪДАУЫЛ

Дæргъ - Къохы лентуафæн фабричы коммунисттæ сæ дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырды бæстон æрныхас кодтой партбюройы дзуаппон доклады, СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проекттыл. Доклад скодта партбюройы секретарь Н. Дульцева.

Фабричы коллектив хорз æххæст кæны йæ куыстадон программæ. 20 — 33 процент фылдæрæй æххæстгонд æрцыдысты продукци уадзыны æмæ уæй кæныны хæслæвæрдтæ. Райста планæй фылдæр æфтиæгтæ, дзæвгар фæкъаддæр ис продукцийы хиæргъ. Уыцы æнтыстдзинæдтæм æхсджиаг баввæрæн бахастой коммунисттæ æмæ фæскомцæдисонтæ.

Дæргъ - Къохы лентуафæн фабрик у Стъараполы крайы Буденновскы фабричы къабаз. Кæд æм юридикон хæдбардзинад нæй, уæддæр, хи фæрæзтæй архайынмæ кæй рахызт, уый коллективæн фадат радта йæ финансон-хæдзарадон æмæ социалон-цардыуаджы фарстатæ хуыздæр лыг кæныныл. Арæзт æрцыд цыппар фатерон цæрæн хæдзар, фабричы кæрт бамбæрзтой асфальтæй, сцалцæг кодтой æмдзæвæны, уафæн цехы, сывæллæтты рæвдауæндон æмæ скълады сæртæ, тæвдгæнæн системæ, фæхуыздæр кодтой сæ фæллойы уавæртæ.

Докладгæнæг куыд бацамыдта. афтæмæй фæллойы æнтысындзинады рæзтæн æмæ продукцийы хиæргъ къаддæр кæныныл тынг сахадыдтой фæллой раст аразыны уаг æмæ социалистон ерыс. Хуыздæр æмæ фылдæр продукци уадзыныл ерыс цæуы сменæты, бригадты æмæ хицæн адæймæгты хсæн.

Пълантæ æххæст кæныны хъуыддагыл хорзырдæм ахады коллективы хсæн идейон-хъомыладон куыст. Фабричы ис партион æмæ экономикон ахуырады дыууæ скъолайы. Арæхстджынæй куыстой пропагандисттæ Моргуаты Э. æмæ Ю. Ефимов. Хи лекторты къорды æххуысæй бригадæты, сменæты арæзт цыдысты иумæйаг политбонтæ.

Докладгæнæг æмæ раныхасгæнджытæ куыд амыдтой, афтæмæй куыстады иуæй-иу къабазты æгъдау æмæ фæтк цаудгомау сты. Расыг кæныны аххосæй арæх цухтæ кодта коммунист Н. Дульцевайы, сменæйы кусæг А. Бибулатов. Уый тыххæй йæ дирекци суæгъд кодта куыстæй. Арæх æрæвджытæ кæнынц куыстмæ Цъæхилты Л., Дзгойты Р., Цъæхилты Р., Моргуаты С., Зæнджиаты П. Уый уымæн афтæ у, æмæ сменæты мастертæ, бригадиртæ, коммунисттæ фаг нæ домынц фæллойадон æгъдау фидарæй æххæст кæныны тыххæй.

СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партион Уставы проекттыл ныхас кæнгæйæ, æмбырды архайджытæй нутæ хорзыл банымадтой райдиан партион организациты бартæ кæй фæфылдæр сты, уый, æнæтæ домдтой, цæмæй карздæр домæнтæ æвæрд цæуой æгъдаухалджыты раз.

«Махмæ уæлдай сæрибар дзинады бындурыл равзæрынц æгъдау æмæ фæтк халыны цаутæ», — загъта коммунист Хапсæты О.

«Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ныртæккæ ничи ницæуыл дзуапп дæттыт». Коммунисттæ хъуамæ фидар лæууой марксизм ленинизмы фæндагыл, — афтæ хъуыды кæны Моргуаты Э. Æмткæй райсгæйæ, фабричы коммунисттæ нымайынц партийы уæнгты хæс кæй у фæллойгæнджыты хсæн идейон-политикон куыст фæхуыздæр кæнын, партийы политикæ алыхуызон дзæнгæдгæнджытæй бахъахъхъæнын, æппæт гæнæнтæй æмæ фæрæзтæй рацарæзты фарс хæцын. Уæд партийы кад ногæй йæ къахыл слæудзæн.

Æмбырды раныхас кодта СЦКП-йы Кировы райкомы дыккаг секретарь В. Ищенко.

Партион бюройы секретары альтернативон бындурыл æргомæй равзæрстой æмбырды.

Фылдæр хъæлæстæм гæсгæ партбюройы сæрдарæй æвзæрст æрцыд М. Желтова. Æвзæрст æрцыдысты районы партион конференцимæ делегаттæ.

РАЙОНТЫ ПАРТКОНФЕРЕНЦИТЫ ДЕЛЕГАТТÆ

АДÆМЫ ФАРНÆН

Æнæниздзинад хъахъхъæныгæй одзаг отличник Николай Федоры фырт Передрий 1981 азæй фæстæмæ кусы Орджоникидзейы вафсæнвæндагджы рынчындоны сайраг дохтырæй. Ацы рынчындоны куыст адæмы цæсты тынг ахады, республикæйы нымад у хуыздæрыл. Æмæ уый у сайраг дохтыры æмæ коллективы зæрдиаг архайды фæрцы.

Мах, Фыдыбæстæйы Стыр хæцты архайдыстæ, алы афонтæ... иæй-рæстæг иæйы дæргъы ацы рынчындоны дзæбæх кодтой æмæ хорз зонæм, йæ коллектив Николайы разамындæй куыд ауды рынчыны æнæниздзинад фидар кæныныл, уый. Уыдис-иу ахæм цаутæ, æмæ сайраг дохтыр суткæйы дæргъы уæззау рынчыны разæй куы нæ рацыдис, сæ фервæзын кæныныл æвæстиат мадзæлттæ арæзта.

Ссæдз азы дæргъы Николай уæззау низтæй кæй фервæзын кодта, уыдонæн æнæниздзинад кæй фидар кодта, уыдонæй æрмæстдæр æхсæзы мидис уый æмбары, куыд ногдзинад агурын. Æрмæст дæсныйад райсын нæ, фæлæ царды ахсджиаг у адæймагæн йæ бынат ссарын. Царды Николайы сахуыр кодта бирæ æмæ æрф хъуыды кæнын, йæ дæсныйадыл наукон литературæ кæсын. Рынчындоны библиотекæйы æмæ Николайæн йæ хæдзары бирæ...

Се 'ххуысы хай рынчындонæн кæнынц æмцæггæнæг куыстуæтты-вагæттæ цалцæггæнæн æмæ авджы заводты разамынд.

Рынчындоны куыст нудадзыг хуыздæр кæныны хъуыддаджы Николай Федоры фырт фидар æнцон кæны партион, профцæдисон, фæскомцæдисон организацийы, коллективы æхсæнадон советы хъарутыл. Партбюройы секретарь Н. Дубовик загъта: «Николай у партион бюройы уæнг, докторты къорды 'хсæн пропагандист. Хорз аразы политикон ахуыртæ, Æрмæст кæддæриддæр бæтты рынчындоны куыстмæ. Нæ партион организацийы нс 53 коммунисты æмæ се 'ппæт дæр стыр аргъ кæнынц Николайæн. Уымæ гæсгæ йæ равзæрстам Промышленнон районы партион конференцимæ делегаттæйы.

Николайы тыххæй нын арфæйы ныхастæ загътой профкомы сæрдар. Г. Тумасов æмæ фæскомцæдисон организацийы сæрдар Т. Ищенко.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

КУЫД РÆЗДЗÆН ДАРДДÆР АГРОПРОМ

Ууыл бæстон ныхас цыдис, æрæджы СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь, республикæйы Сæйраг Советы сæрдар Галазты Æхсар Хадзымырзæйы фырт æмæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министры Советы сæрдар Хетæгкаты Сергей Валентины фыртæн агропромышленнон комплексы кусджытимæ цы фембæлд уыдис, уым.

Æмбырд байгом кæнгæйæ, Галазты Æ. Х. фехъусын кодта, уыцы бон республикæйы Сæйраг Советы дыккаг сессийы Цæгат Ирыстоны АССР-йы хъæууон хæдзарады министрад саразыны фæдыл уынаффæ хаст кæй æрцыд, уый тыххæй. Афтæ бафæндыдис депутатты æмæ республикæйы хицауады. Уымæн æмæ рацарæзты азты, стæй уый размæ дæр фæлтæрдзинад куыд равдыста, афтæмæй аграрон хайады экономикæйæн разамынд цы алыхуызон бюрократон мадзæлттæй лæвæрд цыд, уыдонæй æппæты хуыздæр уыдис министрад.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Экономикон политикæйы стыр ивддзинæдтæ кæй цæуы, уымæ гæсгæ хъæууон хæдзарады къабазтæн разамынд дæттыны зæронд мадзæлттæ нал бæззынц. Æмæ хъæууон хæдзарады министрад дæр хъуамæ ног домæнтæм гæсгæ арæзт æрцæуа. Республикон парламенты ацы фарстайы фæдыл ныхасгæнгæ, амынд æрцыдысты суанг министрады хæстæгдæр нысантæ: Алы хъæуæн дæр хъуамæ арæзт æрцæуа социалон-экономикон рæзты пълан. Уымæ фæстиат кæнæн нæй. Хъуамæ бынæтты мидæг арæзт æрцæуа, хъуыддаг хорз чи зоны, ахæм адæймæгтæй къамистæ.

Ахсджиаг фарстаты фæдыл йæ хъуыдытæ фыццаг дæр загъта Хуымæллæджы инæлар Плиты Иссæйы номыл колхозы сæрдар Кæсæбиты Руслан:

— Хъæуты социалон фæлгонц аивын кæй хъæуы, уыл мах ныр фæстаг дæс азы дæргъы дзураем тынг бирæ, — бафиппайдта Кæсæбийы-фырт, — фæлæ нæ ныхæстæй ницы уайы. Уымæн æмæ нæ сагъæс, нæ мæт иудадзыг у продукци исын æмæ йæ паддзахадæн уæй кæнын. Афтæмæй та иууылдæр хорз зонæм, æдзæллаг мæгуыр хъæуты цæрджыты бон æгас бæстæ схъæздыг кæнын кæй нæ бауыдзæн, уый. Æмæ мæнмæ раст кæсы, аграрон рæзты комплексон пълапы сæйрагдæр хъæуты социалон фæлгонцад фæхуыздæр кæнын нымад кæй у, уый. Кæсæбийы-фырт ма йæ раныхасы стыр æргом аздæхта фæллойы ног хуызтæм, уыимæ арендон подрядæй пайда кæныны хъуыддаджы хæдзарады размæ цы цæлхдурты ис, уыдонмæ. Сæйрагдæр хъуагдзинадыл банымадта, техникæ æмæ æндæр фæрæзтæ фаг кæй нæй, уый. Æнæ уыдонæй та арендатортимæ бадзырдтæ фидаргæнæн нæй.

Уыцы хъуыдытыл бафтыдта Мæздæджы районы совхоз «Терчы» директор Гокъинаты Сергей. Алы хъæуæн дæр йæ сæрмагонд уавæртæм гæсгæ социалон фæлгонцады пълан саразын кæй хъæуы, уый растыл банымайгæйæ, Гокъинайы-фырт баханста фиппаинаг дæр.

— Цæмæй амынд программæ æххæст æрцæуа, уый тыххæй саразын хъæуы ахæм материалон-техникон æфсисады нугонд системæ, чи дзы кусдзæн, уыдон бæрнондзинад куыд æнкъарой, дзуапп куыд дæттой бæлвырд куысты тыххæй. Уый фæдыл ахæм дæнцæг æрхаста: — Совхозмæ цы хъæутæ хауы, уым нс æртæ таврдгæнæны, æндæр объекттæ. Уыдон куынæ кусой, уæд хъæуты цæрæн нæй. Фæлæ сæм хъæуы зилын, цалцæг кæнын. Æмæ кæм ссарæм хæтæлтæ, цемент, хинайæн ваннæтæ, сантехникæ æмæ æндæртæ! Нæй специалисттæ дæр.

Раныхасгæнджытæй бирæтæ ахæм хатдзæгмæ æрцыдысты: хъуамæ ног министрад дзуапп дæтта, продукци исыныл, йæ цæттæ кæныныл æмæ йæ адæммæ хæццæ кæныныл, хъæуты социалон рæзтыл, алыварс æрдз хъахъхъæныныл. Уыдонæй алы къабазы тыххæй дæр министрады хъуамæ уа сæрмагонд службæ. Уыимæ совхоз «Ærыдон»-ы директор Мæрзаты Виктор æмæ совхоз «Первомайский»-ы директор Олисаты Аким нуыд загътой, афтæмæй ног министрады хайæдты хъуамæ кусой, æрмæстдæр ахуыргонд дæсны специалисттæ. Сводкæты чи æмбырд кæндзæн, æмæ «дæсны амындзинæдтæ» чи дæтдзæн, ахæмтæ нæ, фæлæ хæдзарæдты разамонджытæн зæрдиагæй чи æххуыс кæндзæн, уыдоны æмхуызон хъуыддæгтыл дзуапп чи дæтдзæн, ахæмтæ.

Æмбырды раныхасгæнджытæй æнæхæдзар æмæ æнæуынаффæгæнæг æрцыдысты Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы комитеттæ æмæ къамисты иумæйаг æмбырды сæрдариуæг кодта республикæйы Сæйраг Советы Сæрдар Галазты Æ. Х.

Министры Советы сæрдар Хетæгкаты С. В. фæндон бахаста, цæмæй Министры Советы сæрдары фыццаг хæдивджытæй нысангонд æрцæуой Таболты А. К. æмæ М. М. Шаталов:

— Фыццаг хатт нæ депутаттæ æцæг демократон уагыл лыг кæнынц ахсджиаг хъуыддæгтæ. Алчи дæр зæгъы йæ хъуыды. Æз разы нæ дæн В. М. Никотинмæ, уый, дзырдта нæ горæты хуытæхæссæн фермæ сарæзыны тыххæй. Уæвгæ та нæ республикæйы цы фермæты агъуыстытæ нс, уыдоны стутæ æмæ хуытæ дæр нæдтæ куы æрфидар уой, уæд, — загъта Æрыдоны районы Кировы номыл колхозы сæрдар Хъазиты Тамерлан, — уый тыххæй та рапарахат кæнын хъæуы подряд, арендæ, ног экономикон ахастдзинæдты æндæр хуытæ, фæлæ мах ныр ма уырдæм дард стæм. Уымæн хорз æвдисæн у хæдзарæдты фæллойгæнджытæ наукæйы кусджытæм цы цæстæнгас дарынц, уый. Уымæ гæсгæ агропромышленнон комплексы ног разамонæг оргæнæн йæ сæйрагдæр хæс у, алы куыстадон звенойæн дæр хæдзарадон хыгъды ахастдзинæдтæ фидаргонд цæмæй æрцæуой, уыуал бакусын. Уæд алы звенойы уæнг дæр йæхæдæг кусдзæн наукон учрежденитимæ фидар бастдзинæдтæ фидар кæныныл.

Бирæ æндæр фарстатыл ма цыдис ныхас республикæйы разамонджытæ æмæ агропромышленнон комплексы минæвæрттимæ фембæлды. Се 'ппæтæн дæр сæ сагъæс иу хъуыддагыл у. Республикæйы фæллойгæнджыты домæнтæ æххæстгонд нæ цæуынц хойрадæй, уæлдайдæр дзидза æмæ æхсыры продукттæй. Уый тыххæй хаст æрцыд уынаффæ дæр хъæууон хæдзарады министрад саразын. Нырма бæрæг нæу йæ структурæ, министр ын чи уыдзæн, уый дæр. Æмæ ахсджиаг фарстаты фæдыл демократон бындурыл ныхас кæй цыд, алчи йæ хъуыды кæй загъта, уый, æнæмæнг, фехъуыс уыдзæн хъæууон хæдзарадæн ног разамынд дæттæг управлени саразынæн.

БÆРОЙТЫ Сафар.

Кæдмæ афтæ уыдзæн?

Нæе бæстæйы æхсæнад æмæ адæмы царды цы бындурон инвдзинæдтæ цæуы, уыдон бæлвырд-бæрæгæй нæма фæзынды хъæууон скъолатыл. Скъолайы реформæ царды уадзгæйæ ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæндыкгæ æмбæлынц бирæ цæлхдуртыл, къуылымпытыл. Уыдоны тыххæй цыбырæй зæгъдзынæн дæлдæр. Ныр та уал мæ ныхас у, скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвзæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл.

Æз ирон æвзаджы урок æмæ ирон литературæйы кружок æмæ факультативтæ æрвылбон рæстæджы æмæ æрвылбон æгъдауæй кæй фæлæууыдтæн, уый æнæмæнг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвзæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл æнæ фæлмæн æнкъарæнтæй æвдисын æнæхъæн у. Ирон æвзаджы урок æмæ ирон литературæйы кружок æмæ факультативтæ æрвылбон рæстæджы æмæ æрвылбон æгъдауæй кæй фæлæууыдтæн, уый æнæмæнг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвзæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл æнæ фæлмæн æнкъарæнтæй æвдисын æнæхъæн у.

Ирон æвзаджы урок æмæ ирон литературæйы кружок æмæ факультативтæ æрвылбон рæстæджы æмæ æрвылбон æгъдауæй кæй фæлæууыдтæн, уый æнæмæнг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвзæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл æнæ фæлмæн æнкъарæнтæй æвдисын æнæхъæн у.

Ирон æвзаджы урок æмæ ирон литературæйы кружок æмæ факультативтæ æрвылбон рæстæджы æмæ æрвылбон æгъдауæй кæй фæлæууыдтæн, уый æнæмæнг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвзæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл æнæ фæлмæн æнкъарæнтæй æвдисын æнæхъæн у.

РЕСПУБЛИКÆЙЫ СÆЙРАГ СОВЕТЫ КОМИТЕТТÆ ÆМÆ КЪАМИСТЫ

КАРЗ ФÆЛВАРÆН

Æнæниздзинад хъахъхъæныкады отличник Николай Федоры фырт Передрий 1981 азæй фæстæмæ кусы Орджоникидзейы æфсæнвæндагджы рынчындоны сæйраг дохтырæй. Ацы рынчындоны куыст адæмы цæсты тынг ахады, республикæйы нымад у хуыздæрыл. Æмæ уый у сæйраг дохтыры æмæ коллективы æрдиаг архайды фæрцы.

Мах, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ, алы афонты, мæй-дыууæ мæйы дæргъы рынчындоны дзæбæх кодтой æмæ хорз зонæм, йæ коллектив Николайы разамындæй куыд ауды рынчыны æнæниздзинад фидар кæныныл, уый. Уыдис-ну ахæм цаутæ, æмæ сæйраг дохтыр суткайы дæргъы уæззау рынчыны разæй куы нæ рацыдис, сæ фервæзын кæнынæн æвæццæг мадзæлттæ арæзта.

Ссæдз азы дæргъы Николай уæззау низтæй кæй фервæзын кодта, уыдоны нымæц дыууæ-æртæ мын адæймагæй къаддæр нæ уыдзæн. Йæ кад, куыд арæхстджын специалист, уырны дохтыр, хъуыстгонд у æрмæст Цæгат Ирыстоны нæ, фæлæ Краснодары æмæ Стъаропольы крайты, Кæсæг-Балхъæры æмæ Цæцæн-Æфхъæлы автономон республикæты дæр.

Сæйраг дохтыр нæ зоны удæнцой, æхсæвæй-бонæй- йæ сагъæс у рынчынтыл. Кусы, фæллад нæ зонгæйæ. Цæмæн афтæ кусыс, зæгъгæ, йæ куы фарстам, уæд дзуапп радта: «Уæдæ цы кæнон! Мæ царды мидис уый мидæг ис, цæмæй фæллой кæнон рынчыны фæрнæн».

— Алы хъуыддаджы дæр хъуамæ хъæздыг фантази уа, — хъуыды кæны Николай. Ацы ныхасы мидис уый æмбары, куыд ногдзинад агурын. Æрмæст дæсныйад райсын нæ, фæлæ царды ахсджиаг у адæймаген йæ бынат ссарын. Цард Николайы сахуыр кодта бирæ æмæ арф хъуыды кæныны, йæ дæсныйадыл наукон литературæ кæсын. Рынчындоны библиотекæйы æмæ Николайæн йæ хæдзæры бирæ зынаргъ чингуытæ ис.

Сæйраг дохтыр бирæ хъæрутæ дæтты рынчындоны материалон техникон бындур, коллективы ˈхсæн фæллойадон æмæ куыстадон æгъдау фидар кæныныл. Рынчындоны палатæтæ къуындæр кæй сты уый тыххæй бацархайдта ног бæстыхайы арæзтад райдайыныл. Фæхуыздæр уыдзысты куысты уаваæртæ. Фыццаг æмæ дыккаг къорды инвалидтæн дзы уыдзæн дыууæбынатон уæттæ. Рынчындоны хихъæппæрисадон аивадон къордтæн та — клуб.

Сæйраг дохтыр фидар бастдзинæдтæ дары республикæйы колхозтæ æмæ совхозтимæ, уымæ гæсгæ рынчындоны кæддæриддæр фаг нæ хъæугæ хæлцы продуктæ.

Се ˈххуысы хай рынчындоныл кæныныц æмцæгтæнæг куыстуæтты-вагæттæ цалцæгтæнæн æмæ авджы заводты разамынд.

Рынчындоны куыст нудадзыг хуыздæр кæныны хъуыддаджы Николай Федоры фырт фидар æнцой кæны партион, профцæдисон, фæскомцæдисон организацити, коллективы æхсæнадон советы хъарутыл. Партбюройы секретарь Н. Дубовни загъта: «Николай у партион бюройы уæнг, дохтыры къорды ˈхсæн пропагандист. Хорз аразы политикон ахуыртæ. Æрмæг кæддæриддæр бæтты рынчындоны куыстимæ. Нæ партион организацийы нс 53 коммунисты æмæ сæ ˈппæт дæр стыр аргъ кæныныц Николайæн. Уымæ гæсгæ йæ равзарстам Промышленнон районы партион конференцимæ делегатæйы».

Николайы тыххæй ныл арфæйы ныхæстæ загъта профкомы сæрдар. Г. Тумасов æмæ фæскомцæдисон организацийы секретарь А. Бондаренко дæр. Н. Ф. Передрий æгъдауæй ауды уыцы æхсæнадон организацити ахадындзинад коллективы архайды фылдæр кæныныл, сæ куыстæн сын æмбæлгæ фадæттæ æразынæн.

Рынчындоны нумæ хæларæй кусынц бирæ нациты минæвæрттæ — ирæттæ, уырыссæгтæ, украинæгтæ, сомхæгтæ. Бинонтау сæ ну кæны сæйраг дохтыр. Йæ куыстуарзондзинады, арæхстдзинады, адæймагуарзондзинады æмæ уæзданадзинады тыххæй йын стыр кад нс коллективы æхсæн.

Бафæзминаг у Н. Передрийы куысты фæлтæрддзинад.

БОРЫХЪУАТЫ Х., СЕДАНТЫ А. ХÆНЫКЪАТЫ Х., ЦУЦИТЫ В., РУДАКОВ Н.

КЪАМЫ: Н. Ф. ПЕРЕДРИЙ

Орджоникидзейы электрон цырæгътæ заводы химæрайст хæстæ æмгъуыдæй раздæр ахицæн кæныныл социалистон ерысы разæй цæуы 2-æм цехы коллектив. Ам бирæ хорз æрыгон кусджытæ ис. Иттæг хорз сахуыр кодтой алыхуызон дæсныйадтæ, сты раззагдæртимæ. Уыдонимæ ис станоктæм зилæг фæскомцæдисон ХЪАРАТЫ Марат (уынут æй къамы).

Кæдмæ афтæ уыдзæн?

Нæ бæстæйы æхсæнад æмæ адæмы царды цы бындурон инвдзинæдтæ цæуы, уыдон бæлвырд-бæрæгæй иæма фæзындысты хъæууон скъолатыл. Скъолайы реформæ царды уадзгæйæ ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытæ æмбæлынц бирæ цæлхдуртыл, къуылымпытыл. Уыдоны тыххæй цыбырæй зæгъдзыщæн дæлдæр. Ныр та уал мæ ныхас у,

скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддаг куыд æвæрд у æмæ йæм цавæр цæстæнгас дард цæуы, уыл.

Райсæм мадæлон æвзаг. Ирæттæй кæйфæнды дæр бафæрс, дæ мадæлон æвзаг уарзыс æви нæ, зæгъгæ, æмæ дын дзуапп ратдæн: «О»! Фæлæ уыцы уарзондзинад хъуыддагæй равдисын алы ироны бон нæу. Æз кæнын, йæс цотмæ хæдзары уырыссагау дзурыныл чи фæлварын, ахæм ирæтты кой. Иузаманы мæхиуыл дæр скодта, мæ мадæлон æвзагæй куы фæиппæрд дæн, ахæм рæстæг.

Уый раджы уыд. Дыууадæс æмæ ссæдз азы размæ службæ кодтон æфсады. Мæ ныййарджытæ афтæ æнхъæл уыдысты, цыма фæсарæнты кæмдæр дæн. Æцæгдзинадæй та Ирыстонмæ æвæрхс ран æрвыстон мæ бонтæ, уымæн æмæ нæ æфсæдон хай сусæг уыд.

Æртæ азы дæргъы ирон ныхас нæ фехъуыстон. Мысдтæн мæ фыды уæзæг, мæ райгуырæн хъæу.

Æппынфæстаг мæ службæ ахицæн. Поезды здæхтæн нæхимæ. Рацыд суткæ. Дыккаг бон иæрæй мæ хуыссæг йæ быны скодта æмæ афынæй дæн. Æмбисæхсæвæй дыууæ-æртæ сахаты рацыдаид, афтæ фехъал дæн. Мæ хъустыл не ˈууæндыдтæн... Вагоны иу кæронæй хъусын... ирон ныхас. Уайтагъд фæгæпп ластон æмæ февзæрдтæн ирон бæлццæтты уæлхъус. Мæ цинæн кæрон нал уыдис, æмæ мæм афтæ каст, цыма Доны тыгъд быдыртæй Ирыстонмæ цæргæсы базыртыл тахтæн. Уæдæй фæстæмæ мæ туг æмæ ме ˈстæджы ноджы тынгдæр ахъардта мæ адæмы æвзаг. Мæ нудадзыг æмдзугæнæг систы йæ диссаджы зæлтæ. Æмæ æдзухдæр фæзæгъын: о, ницавæр хæрзтимæ сбарæн нс мадæлон æвзаджы. Æмæ хорз у, фæстаг рæстæг æм фылдæр æргом здахын кæй байдыдтам, уый. Уымæн ,æмæ уыцы фарста сси нæ нумæйаг сагъæс.

Æз хорзыл нымайын уый дæр, æмæ райдайæн кълæсты æппæт предметтæ дæр иронау ахуыр кæныны кæй райдыдтой. Фæлæ ам дæр нс цæлхдур. Нæй, кæнæ та нæ фаг кæныныц ахуыргæнæн чингуытæ алы предметтæй иронау. Ахæм уавæр пайдайаг нæу скъолайы реформæйæн. Ууыл, æвæццæгæн, рацыдау ахъуыды кæныны хъуыддаджы республикæйы Адæмон ахуырады министрады, ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты, рауагъдад «Ир»-ы куыдзыты, партион оргæнты.

Ирон æвзаг арфдæр ахуыр кæныныл ахъаззаг сты скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинеттæ. Уыдон хъуамæ ифтонгонд уой нырыккон техникон фæрæзтæй æмæ цæстуыныгæ æрмæджытæй.

Ахæм кабинет нс Елхоты дыккагæм астæуккаг скъолайы дæр. Скъолайы разамонджытæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ стыр хъæппæрис разæй сты йæ сфæлгонц кæныны хъуыддаджы.

Ацы кабинет йæ аив фæлгонцгондмæ гæсгæ районы ахсы фыццаг бынат. Иæ саив кæныныл зæрдиагæй бакуыста нывгæнынады ахуыргæнæг М. А. Омаров. Се ˈстыр фæллойы хай йæм бахастой æмæ хæссынц ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй Къубалты Светланæ æмæ иннæ ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ. Æз куыд зонын, афтæмæй скъолайы реформатæ амæй размæ дæр уыдысты, æмæ-ну дзы ницы рауадис. Æрдæгыл-ну аскъуыдысты. Бафæрсæн ис: цæуылнæ? Уымæн æмæ сæм рагацау фаг цæттæ нæ уыдысты. Лæмæгъ уыдысты сæ техникон-материалон авналæнтæ. Скъолайы нырткæкæйы реформæ дæр цæуы зынтæй. Æмæ тæссаг у, куы ныддæргъвæтин уа, уымæй.

Цæй мидæг ис зындзинад? Уый мидæг, æмæ ахуырдзауæн хъæугæ фадæттæ æмæ уавæртæ арæзт нæй. Къуындæг сты сæ авналæнтæ æмæ гæнæнтæ. Уымæн æвдисæнæн æрхæсдзинæн æрмæст иунæг дæнцæг. Елхоты дыккагæм астæуккаг скъолайы уавæр. Сывæллæттæ ахуыр кæныныц æртæ сменæйы. Нæ фаг кæны ахуыргæнæн кълæстæ. Урокмæ дæсгæрæг куы вæййы, уæд ахуырдзауæн сæ ахуыргæнæгимæ зилын райдайыныц, кæм æрбынат кæной ,уый ссарыныл. Æмæ урочы рæстæгæй бирæ фесæфы дзæгъæлы.

Ахæм уавæрты æмæ фадæтты кусгæйæ, цавæр скъолайы реформæйы тыххæй нс дзурæн? Стæй цавæр æнтыстдзинæдтæ хъуамæ бафта къухы?

Æргом æй зæгъыем: уавæр у уæззау. Æмæ йæ цымæ районы разамонджытæ кæнæ республикæйы Адæмон ахуырады министрады разамонджытæ зоныныц? Зоныныц. Фæлæ «бæрзонд» трибунæтæй рæсутъд зæрдæвæрæн ныхæстæ — хæрх. Хъуыддаг та нæй.

Кæд нæ рæдийын, уæд ссæдз азы размæйæ абоны онг партийы райкомы пленумты æмæ райсоветы сесситы æдзухдæр фæдзурынц Елхоты хуссарварс скъола саразыны тыххæй. Фæлæ арæзтад фæстæдæрмæ æргъæвд цæуы алы хатт дæр. Уый хъуыддагæн нæ бæзы. Æмæ адæмæн зæрдæвæрæн ныхæстæ кæныны сæр дæр нæ хъæуы,

Елхоты дыккагæм астæуккаг скъолайы бæстыхайттæ бындуронæй сцалцæгтæнинаг сты. Зæгъæм, бирæ кълæсты, уыдонимæ ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинеты, стæй æртыккаг уæладзыджы тыргъты пъолтæ дæр бамбыдысты æмæ сты ранвинаг. Фæлæ нæй фæйнæг, æхцайы фæрæзтæ.

Ахуырдзаутæ æрвылаз ахъаззаг æххуыс бакæнынц колхоз «Кавказ»-æн быдыроп куыстыты. Æмæ уæдæ уыцы колхозы разамонджытæп нс ˈмбæлы скъолайæн материалон æгъдауæй бахъуыс кæныи? Бæгуыдæр, æмбæлы.

Иннæ ахæм райсæм завод «Терк». Æз куыд зоныи, афтæмæй уый æмцæг кæны ацы скъолайыл. Æмæ кæд æмцегтæнæг у, уæд ын хъуамæ æххуыс кæна материалон æгъдауæй дæр.

Цыбырдзырдæй, скъолайы царды бирæ лыгтæнинаг **фарстатæ бамбырд. Сæ лыг** кæныи та скъолайы бон нæу æнæ куыстуæтты æххуысæй.

Ахъуыдыйаг у ахуыргæнæн кабинетты нырыккон **техникон фæрæзтæй**, цæстуыныгæ æрмæджытæй, методикон, аивадон æмæ æнцæр литературæйæ сифтонг кæныны фарста. Фаг нæй тетрæдтæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы чингуытæ, ирон-уырыссаг æмæ уырыссаг -ирон дзырдуæтты тыххæй нал дзурдзыпæн, уымæн æмæ зын ссарæн сты. Афтæмæй та ахуырдзауты æхсызгон хъæуыпц.

Бирæ æрыгон курдиатджын лæппутæ æмæ чызджытæ ахуыр кæны ам. Сæ фылдæр хай йе ˈргом здахы ирон **литературæмæ. Сæ хъарутæ** æвзарынц прозайы, поэзийы. Уыдонæн зæрдиаг æххуыс хъæуы, ахуырæн хорз фадæттæ аразгæйæ. Уый æмбарынц ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ. Æмæ нуазрдионæй архайдзысты сæ размæвæрд хæстæ æххæст кæныныл. Фæлæ сын æххуысгæнæг куы нæ уа, уæд кæдмæ сфаг уыдзысты сæ хъарутæ?

ГОКЪОТЫ Агуыбе,
Елхоты 2-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнæг.

РЕСПУБЛИКÆЙЫ СÆЙРАГ СОВЕТЫ КОМИТЕТТÆ ÆМÆ КЪАМИСТЫ

КАРЗ ФÆЛВАРÆН

Цæгат Ирыстоны АССР-ы Сæйраг Советы комитетты æмæ къамисты иумæйаг æмбырды сæрдариуæг кодта республикæйы Сæйраг Советы Сæрдар Галазты Æ. Х.

Министры Советы сæрдар Хетæгкаты С. В. фæндон бахаста, цæмæй Министры Советы сæрдары фыццаг хæдивджытæй нысангонд æрцæуой Таболты А. К. æмæ В. М. Никотин, хæдивджытæй — Къарджиаты Э. Хъ. æмæ Лагкуты Р. О., хæдивæг æмæ Госпланы сæрдарæй — Алыккаты М. Дж, Министры Советы хъуыддæгтæ арæзтæг — Дзуццаты С. Х.

Комитеттæ æмæ къамисты уæнгтæ Таболы-фырты фарстой цæрæнуæтты, скъолаты æмæ рæвдауæндæтты арæзтады хъæдæй. Уый, хъыгагæн, абоны домæнты аккаг нæу. Сындæг цæуыпц горæтты æмæ хъæуты фæлгонцады, газуадзыны æмæ телефонтæ æвæрыны куыстытæ.

В. М. Никотин дзуапп лæвæрдта ахæм фарстытæп: кæд фæхуыздæр уыдзæн республикæйы хойраджы хъуыддаг, цæмæн къаддæр кæны фосы нымæц, цы арæзт цæуы быдырты бæрæгътæй къаддæр сафынæн?

Хицауадон бынæттæм кандидатурæтæй адæмон депутаттæ ноджы домдтой бамбарын кæныи: хæдзæрттæ аразынæн Ирыстонмæ хуыр Украинæйæ цæмæн ласынц, афтæ республикæмæ цæмæн ласынц цауд хойраджы продуктæ дæр?

Карз, фæлæ цæстуарзон уыдис адæмон депутатты ныхас кандидатурæтимæ.

Æмбырд цыди демократон уавæры, уыд ныхмæвæрд хъуыдытæ дæр, фæлæ уый æрмæстдæр ахъаз кодта хуыздæр уынаффæтæм æрцæуынæн. Депутаттæй бирæты раныхæстæ арæзт уыдысты хойраджы хъуыддаг æмæ фæлхасадон базар фæхуыздæр кæнынмæ, адæмы удварны æмæ культурæйы, ахуырады æмæ æнæниздзинад хъахъхъæныны разæты фарстатæ ахадгæ хуызы лыг кæнынмæ.

Фæстагмæ комитеттæ æмæ къамистæ сразы сты, цæмæй Сæйраг Советы Сессийы раз æвæрд æрцæуа фарста кандидатурæты сфидар кæныны тыххæй.

Нумæйаг æмбырды парламентон ныхас куыд цыдис, уый тыххæй нæ уацхæссæгæн радзырдтой депутаттæ.

Горæххæстком ы сæрдар **М. М. Шаталов:**

— Фыццаг хатт нæ депутаттæ æцæг демократон уагыл лыг кæныныц ахсджиаг хъуыддаггæ. Алчи дæр зæгъы йæ хъуыды. Æз разы нæ дæн В. М. Никотинимæ, уый, дзырдта нæ горæты хуытæхæссæн фермæ сарæзыны тыххæй. Уæвгæ та нæ республикæйы цы фермæты агъуыстытæ нс, уыдоны стуртæ æмæ хуытæ дæр фаг нæй. Уым хъуамæ архайой фосдарыны продуктгæ фылдæр кæныныл, горæты нæ, фæлæ.

Нумæйаг æмбырды бирæтæ дзурæн нæ уыд. фæлæ ма мæн зæгъын фæнды уый дæр, æмæ нæ Сæйраг Советы Национ политикæйы æмæ нациты ˈхсæн ахастдзинæдты къамисы уæнгтæ хъуамæ уой нæ республикæйы цæрæг адæмыхæттыты минæвæрттæ, нæ депутатон корпусы уæвджытæ.

Юридикон наукæты кандидат **Къесаты С. М.:**

— Æхсызгон мын у, нæ Сæйраг Совет æцæг нусæг оргæн кæй ссис, уый. Амæйдзмæ тынгдæр куыста аппарат, ныр депутаттæ бæлвырд æмæ лæмбынæг ныхас кæнынц лыгкæнинаг фарстатыл. Афтæ æнхъæл дæн, æмæ разамонæг кусджытæ депутатты раз æнæхъарын райдыдтой бæрнондзинад.

Раст зæгъгæйæ, æз кандидатурæтæм æнхъæлмæ кастæн æххæстдæр дзуаппытæм, фæлæ ма, хъыгагæн уыдонæй иутæ раздæрау æргом æмæ комкоммæ ныхасы бæсты архайынц конспектгæй.

Ирон театры режиссер Цихиты М. Б.:

— Фыццаг хатт архайын Сæйраг Советы куысты. Фæлæ мæ бон зæгъын у уый, æмæ æрмæст ахæм коллегион уавæры лыггонд хъуамæ цæуой фарстатæ, кæд се ˈппæт нæ, уæддæр сæ ахсджиагдæттæ. Уæд нæ уынаффæты уыдзæн къаддæр рæдыдтытæ, уыдзысты цардхъом.

Æз афтæ хъуыды кæныи, æмæ махæй, адæм æууæнк кæуыл бафтыдтой, уыдонæй домыи хъæуы карзæй. Арæхсыс — лыг кæи фарстатæ. Кæд нæ — фæндаг ратт æндæрæн.

Раст загъта депутат Цихиты-фырт. Мах ныртæккæ адæмон депутатты Советты æппæт къæпхæнты дæр хъæуынц рацарæзтæн ахъазгæнæг хъæппæрисджын депутаттæ.

ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

ДОЙНАТЫ Давид

Советон Цæдисы Хъæбатыр Дойнаты Тобойы фырт Давид райгуырд Дзæуджыхъæуы 1912 азы, зæххусæджы хæдзары. Æнæхъæст астæуккаг скъола каст фæуынæвæйæн, хуыста колхозы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд ын фæсидыста Советон Æфсадмæ. Сахуыр кодта снайперы курсытæ. Йæ фыццаг хæст уыдис Цæгат Кавказы фронты. Алы бон дæрæу амардта 5—6 гитлероны. Йæ 'гъуыстдзинадты кой эйзæуыст мотор 339-æм мотор дивизийы, 76-æм мотор. Йæ хæстон фæлтæрддзинады тыххæй ын фыстой фронты газеттæ. Мæнæ сæ сæргонд: «Советон адæмы намыссыкæн фырт». «Сæрыстыр стыр снайпер Дойнаты Давидæй», «Фрицты цæгъдæн хъæуы снайпер Дойнаты фырты хуызæн», «Намыс снайпер Дойнаты Давидæн».

Снайпер Дойнаты Давид, дохтыты уæвгæйæ, фыццаг хатт бацыдысты Корчы донкъуыбæлгъыл æмæ æрхаст Керчы æрдæгмыдæмæ. Мацуыйæ фидар нысхъуырд дивизиатой фашисты карз хыбæрстытæн. Давид йæ рæстдзинæн хæстæй нысхъыс кодта фыдгулы 12 эксели бынаты, амардта 5 офицеры æмæ 20 салаты, уыдоныл 3 снайперы. 1943 азы 12 ноябры Дойнаты Давид, Керчы цур карз хæстыты æрхæццæйæ, фылдæрæй-фылдæр кодта йæ ахæттæгты — фашисты нысæны, сæвæрдæ сæ кодта 226 гитлероны. Хæсты фронтæ. Уæддæр ын бамбæлдтой йæ рæстдзинæн æхсæв. Фæлæ снайперы нæхцыг фронтæ æм куры, æмæ æвæрæгæй та æгæрыдтой Дойнаты Давид. 1965 азы 16 майы Дойнаты Давидмæ æвæрæгæй æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ сгуыхтдзинадæн Советон хицауад сæвæрдта стыр æрæгъ. Сæрмагондæн æй нæма ныллæг кодтой Фыдыбæстæйы хæсты, Стыр Стъалыйы ордентæй, медалтæй.

Хъæбатыр Дойнаты ном хæссæнц Керчы 5-æм сколæ, уыдис Дзæуджыхъæуы.

КАЛОТЫ Георгий

Калоты Алыксандры фырт Георгий райгуырд 1916 азы 7 ноябры, Мæздæджы районы, Веселоойы хъæуы, мигъур зæхкусæджы хæдзары. Дыууæ азы йыл рацыд, æфтæ тифæй амардысты йæ ныййарджытæ. Хъомыл æй кодта йæ хистæр хо, стæй йæ вæстой Владикавказы сывæллæттæ хæдзармæ. Каст фæцис астæуккаг скъола, сахуыр кодта институты. 1938 азы бацыд Орджоникъидзейы фистæгæфсæддон училищемæ. Каст æй фæцис 1940 азы.

Хæсты архайдта 1942 азы декабрей фæстæмæ. Хицыд Мæздæджы æмæ Новороссийскы цур. уый фæстæ — Карелийы, Венгрийы, Австрийы. Батальоны командир уавæрæй, 1945 азы апрелы фæсгуыт Австри сушъæд æнæлыг хæстыты. 11-æм апрелы батальон ныкк хæйттыкк бабырста Венæмæ. Йæ уынгты цы карз хæстытæ бацайдагъ, уым батальон ныццагъта знадины 600 гитлероны, 12 апрелы та бацæуста хид Днепры сæртыл. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй 1945 азы 28 апрелы Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Георгий службæ кодта уæлдæфон-десантон æфсæдты. Уыдис полчы командир. 1973 азы бунхъон Калойы-фырт æцыд отставкæйы. Æрцыд Цæгат Ирыстонмæ, Орджоникъидземæ. Куыста алы раттæй. Коммунист Калоты Георгий разæнгардæй архайдта фæсивæды хæстон-патриотон кæнæнадæй. Бирæ хатт уыдта республикæйы хæсты æмæ фæлтæрты ветераты советы сæрдар.

Æхсæв æмæ лæгдзинад кæй рæвдыста, уый тыххæй ын Советон хицауад санаг кодта Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы, «Кады нысæны» ордентæ, медалтæ.

Георгий æмбæрзт 1987 азы. Бакастæй кæй Орджоникъидзейы Хæстон паркы хæлæбæй. Йæ нæмæн Беслæнейы хъæуы нæ æгъгъæд сколæ æмæ уынг.

ХЪАРАТЫ Алыксандр

Хъараты Аникы фырт Алыксандр райгуырд 1915 азы 15 мартъийы, Грозныйы службæгæнæдты хæдзары. 8 классы фæстæ каст фæцис ФЗУ-йы скъола. Зырнæйзылæгей куста заводы. 30-æм азты æрцард г. Орджоникъидзейы. Сахуыр кодта аэроклубы, æмæ дзы баззад инструкторæй. 1938 азы бацыд Качинскы Хæстон-авиацион скъоламæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис 1940 азы.

Немыцаг-фашистон люборджыты нымæц хæсты бацыд 1941 азы 22 июны. Уыцы боны 1944 азы 1 декабрмæ техæг-истребитель гвардийы хæстæр лейтенант Хъараты Алыксандр знадины дæрæн кæнынмæ атахт 373 хатты, уыдис 75 уæлдæфон хæсты, йæхæдæг æрæмбæрстæй знадины 16 хæдтæхæджы. Хæсты азты йæхи равдыста уæлдæфон хæсты хъæбатыр æмæ мецыг дæсныйад. Йæ лæгдзинад æмæ стыр арæхстдзинады тыххæй ын 1945 азы 23 февралы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Уый фæстæ ма архайдта Польшæйы, Берлины сæрмæ уæлдæфон хæсты.

Хæсты фæстæ службæ кодта хæстон-уæлдæфон хæйттæ. 1953 азæй фæстæмæ нæ запасы.

Йе сгуыхтдзинадты тыххæй Советон хицауад Хъараты Алыксандрæн санаг кодта Ленины, Сырх тырысайы æрæгъ, Фыдыбæстæйы хæсты 1-æг хъæлæсмæ ордентæ, медалтæ.

КАРАСЕВ Александр

Карасев Александр Никитæйы фырт райгуырд 1916 азы 30 августы г. Владикавказы, кусæджы бинонты æххæст. С. М. Кировы номыл хуыйæн фабрикы куста зырнæйзылæгей. Сахуыр кодта Орджоникъидзейы аэроклубы. Советон Æфсады уыдис 1937 азæй фæстæмæ. Каст фæцис Нахичеваны хæстон-авиацион скъола 1941 азы та — Батайскы хæстон таккæйты скъола.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цæхæры бахауд йæ фыццаг бон — 1941 азы 22 июны. Хицыд Хуссары фронты, Сталинградыл тохты. 1943 азы майы мæйæн А. Н. Карасев знадмæ дæрæн кæнынмæ атахт 301 хатты, уæлдæфон хæсты бацыд 70 хатты, æмæ йæхæдæг æрæмбæрстæй знадины 14 хæдтæхæджы, йе 'мбæлттæй та — 9. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд 1943 азы, 24 августы. Карз уæлдæфон хæсты бацæугæйæ, Карасев æрæмбæрста ну хæдтæхæр, фæлæ йæхи хæдтæхæр дæр ссыгъд. Александр уæззау цæфæй бахауд знадмæ къухтæй, æмæ бирæ къæхæнæртæй бавзæрста концлагерты.

1945 азы майы Карасевы сушъæд кодтой советон æфсæдтæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Хæстон-Уæлдæфон хæйттæ. Ссис авиацийы инæлар-майор. 1959 азы каст фæцис Генералон штабы хæстон академи æмæ йæ сныса кодтой Уæлдæр Хæстон-авиацион училищы хицауы. 1968 азæй фæстæмæ нæ запасы. Цæры Черниговы. Коммунист Карасев зæрдиагæй кусы фæсивæды хæсты патриотон æмæ интернационалон хъомыладзы.

Йæ фидар нысæ æмæ лæгдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины æрæг, Сырх тырысайы цыппар, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæ æмæ медалтæ.

КАРСАНТЫ Хъазыбег

Елхоты, зæхкусæджы хæдзары, 1910 азы райгуырд Советон Цæдисы Хъæбатыр Карсанты Дзыбы фырт Хъазыбег. Æнæхъæст астæуккаг скъола каст фæуынæвæйæн куыста колхозы. Бесланы нартхоры комбинат æмæ Дзæуджыхъæуы гидроэлектростанцимæ арæзтадты.

1932 азы йæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. 1934 азы фицис Мæскуыйы артиллерион скъола æмæ службæ кодта Ленинграды æфсæдтон округы.

1939—1940 азты архайдта территорийты инæлæг хæсты. Уым раздыста стыр лæгдзинад æмæ йын Советон хицауад санаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1941 азы каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл хæстон академийы курсытæм. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайдта йæ тæккæ райдайæнмæ фæстæмæ. Уыдис ног тыхджын хицæнгарз «Катюшæ»-йы дивизиony командир. Дивизион фашистон æфсæдты дæрæн кодта Мæскуыйы тохты, Ныгуылæн фронты. 1942 азы февралы майор Карсанты Хъазыбеджы «Катюшæ»-ты полк хицыд Калинины æмæ Цæгат Ныгуылæн фронтты. Уыцы аз ист æрцыд партийы рæнхъытæм.

1942 азы кæрон æмæ 1943 азы райдайæнты Карсанты-фырт архайдта Сталинградæ карз тохты. 1943 азы ссис инæлармайор. Уыцы аз æй сæвæрдтой гвардион реактивон дивизийы командирæй. Дивизи знæгъæн бæрзæйсæттæн цæфтæ ныккодта Смоленскы, Борисов, Каунас уæгъд кæнгайæмæ æмæ Кенигсберг нсгайæн.

Хæсты фæстæ службæ кодта артиллерион хæйттæ. 1955 азы каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл хæстон Академи.

1970 азæй фæстæмæ нæ отставкæйы. Цæры Мæскуыйы. Арæх æвæйы Ирыстоны, йæ райгуырæн хъæуы Елхоты.

Йæ хæстон сгуыхтдзинадæтæн æмæ сбæрæг кодтой Ленины-Сырх тырысайы, Суворовы, Кутузовы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæй, медалтæй.

ИРОН АДÆМЫ НÆМТТÆ

(Райдайæн 79 номыры).

Б

Беслæн	Бидзидта	Бобола	Бути	Бутусæ
Бесо	Бидзика	Боборц	Будти	Буца
Бестау	Бидта	Бодти	Буду	Буцæ
Бета	Била	Бокъо	Будзи	Буцæ
Бетъа	Билар	Бодзи	Будзумар	Буцци
Беци	Билаз	Бой	Будзыкк	Буцула
Бецо	Бимбол	Бокко	Букумл	Быбо
Бецъа	Бимболат	Бола	Були	Быдыр
Бецъо	Бисолтан	Болат	Бурæфæрныт	Быдыго
Бецъина	Битк	Булат	Бургъыр	Быдзег
Бечмырзæ	Бихъхъуыр	Болатбæрзæй	Бургъуын	Быдзеу
Бечыр	Бицц	Борæ	Бурдел	Быдзи
Бечырбег	Бициика	Борнæф	Бури	Быдзыго
Бечырби	Бицикко	Борсæ	Бурдзеу	Быдзын
Бечи	Бицко	Боскъа	Буртæг	Быидз
Биаслан	Бицо	Ботаз	Бурти	Быидзи
Биби	Бицъо	Ботас	Бурхан	Быси
Бибо	Бласиа	Боте	Бурхал	Бысыя
Бига	Бицол	Боца	Бута	Бысти
Бигъа	Боба	Боцка	Бути	Бытти
Бидыр	Бобæ	Брахъ	Буту	Быттыр
Бидзига	Бобли	Бубус	Бубус	Бытъо
	Бобо		Бутуз	Быдыр.

В

Васил	Вало	Васкæ	Вася	Валодя
Васыли		Васо		Вилен.

Г

Габе	Гайтар	Гæбыс	Геня	Готта
Габи	Гайти	Гæбысо	Гео	Готтор
Габо	Гайто	Гæбыто	Геор	Гоцъи
Габола	Гамболт	Гæбыц	Георги	Грама
Габоци	Гамбол	Гæбыца	Геуæрги	Граф
Габре	Гамет	Гæвди	Гиуæр	Гри
Габрел	Гамос	Гæвдыи	Гиуæрги	Григол
Габрускæ	Ганге	Гæгка	Гиуæрга	Григорн
Габуц	Гандиери	Гæгу	Герас	Грис
Габыц	Гаппо	Гæди	Гери	Гриша
Габыцо	Гаппола	Гæдо	Герисо	Гришæ
Гаге	Гари	Гæдул	Герсан	Грым
Гаги	Гарсо	Гæзмæт	Гетæ	Гуга
Гагумдз	Гарцо	Гæзым	Гефа	Гутус
Гаго	Гасан	Гæккæз	Гига	Гуда
Гагуди	Гасбол	Гæла	Гигла	Гудика
Гагуыди	Гасо	Гелæт	Гиго	Гуйман
Гагумд	Гаспар	Гелæц	Гигол	Гус
Гагумда	Гаспо	Гемæл	Гигола	Гуыба
Гадæгко	Гатæ	Гемæт	Гигуд	Гуыбади
Гадæцци	Гате	Гемси	Гигуца	Гуыбе
Гадæцдо	Гафа	Гæмсыр	Гино	Гуыдза
Гаде	Гаха	Гæндил	Гио	Гуыдзаи
Гадо	Гаци	Гæппыда	Гисо	Гуыдзи
Гадзау	Гацыр	Гæрæм	Гите	Гуыдзой
Гадзо	Гæбаз	Гæрдан	Гицо	Гуылмыз
Гадзыбе	Гæба	Гæстæи	Глаха	Гумрдзыбе
Гадзымæт	Гæбатыр	Гæсти	Гиа	Гуыцыр
Газаик	Гæбæ	Гætæг	Гобала	Гуыцырæ
Газан	Гæбæда	Гæуи	Гога	Гыби
Газмæт	Гæбæл	Гæуыс	Гоги	Гыбо
Газым	Гæбæт	Гæци	Года	Гыбыл
Гай	Гæбæтæ	Гæцо	Годе	Гыдзыл
Гайоз	Гæбæци	Гда	Гозыр	Гызыбе
Гайси	Гæбила	Гебраз	Гокъо	Гыргъохъ
	Гæбыл	Генардыхъ	Горга	Гырым.
			Горги	

Д

Дадет	Дæпел	Дæхци	Дмитри	Доментъæ
Давид	Датикъо	Дæхцыхъо	Димир	Доне
Даге	Даунт	Дбо	Доба	Дондур
Дагo	Даунта	Деби	Добыцæ	Донче
Дадæи	Даунуй	Дебо	Додзи	Дрис
Дади	Даунр	Дебола	Додор	Дуда
Дадил	Даунрбеи	Дево	Додти	Дудар
Дадо	Даунт	Демыр	Додуи	Дудæрихъо
Дадохта	Дафа	Деуи	Додто	Дудæ
Дадту	Дæбе	Дехбол	Дедыки	Дуæт
Дайран	Дæгка	Диаиоз	Дедзи	Дуа
Даки	Дæдæгка	Диикр	Долет	Дуæи
Дамбет	Дæди	Дино	Долетмырзæ	Дурби
Дамбо	Дæико	Дини	Доле	Дыгыи
Дамбол	Дæкко	Дисо	Доле	Дыдзи.
Дамболат	Дæлæ	Дитæ	Дæлæ	
Дамбыл	Дæлæгкæ	Дифа	Дæлæ	
Дамбыр	Дæлæгкæ	Дихтæ

фидар ныхъуырд лæвæрдтой фашисты карз ныббырстытæн. Давид йæ рæстдзæвин зæхгай ныхъхъус кодта фыдгулы 12 æхсæн бынаты, амардта 5 офицеры æмæ 20 салдаты, уыдоннæ 3 снайперы. 1943 азы 12 ноябры Дойматы Давид, Керчы цур карз хæстыты архайгæйæ, фылдæрфылдыр кодта йæ аивтæгты — фашисты нымæц, схæццæ сæ кодта 226 гитлеронæмæ. Хæсты фæцæф. Уæддæр нæ бамынæг кæм рæстдзæвин зæхгай. Фæлæ æнæхайыры нæмыг фæхæлд йæ цуры, æмæ аскъуыдта æхсарджын Давиды цард. 1944 азы 16 майы Дойматы Давидæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йе сгуыхтдзинæдтæн Советон хицауад скодта стыр аргъ. Схорзæхджын æй кодта Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæй, майдантæй.

Хъæбатыр Давиды ном хæссынц Керчы 8-æм скъола, уынг Джызæлы.

Уыцы стуыхтдзинæдты тыххæй 1945 азы 28 апрелы Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Георгий службæ кодта уæлдæфон-десантон æфсæдты. Уыдис полчъы командир. 1973 азы булкъон Калойы-фырт аивд отставкæйы. Æрцыд Цæгат Ирыстонмæ, Орджоникидземæ. Куыста алы рæтты. Коммунист Калоты Георгий разæнгардæй архайды фæсивæды хæстон-патриотон хъомылады. Бирæ азты уыдис республикæйы хæсты æмæ фæллойы ветеранты советы сæрдар.

Æхсар æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йын Советон хицауад саккаг кодта Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы, «Кады нысан»-ы ордентæ, майдантæ.

Георгий амард 1987 азы. Баныгæдтой йæ Орджоникидзейы Хæстон намысы аллейы. Йæ номыл Веселоойы хъæуы ис астæуккаг скъола æмæ уынг.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фронтмæ знаджы 16 хæдтæхæджы. Хæсты азты йæхи равдыста уæлдæфон хæсты хъæбатыр æмæ æцæг дæсныйаг. Йæ лæгдзинад æмæ стыр арæхстдзинады тыххæй йын 1945 азы 23 февралы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Уый фæстæ мæ архайдта Польшæйы, Берлины сæрмæ уæлдæфон хæстыты.

Хæсты фæстæ службæ кодта хæстон-уæлдæфон хæйтты. 1953 азæй фæстæмæ ис запасы.

Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй Советон хицауад Хъараты Александрæн саккаг кодта Ленины, Сырх тырысайы æртæ, Фыдыбæстæйы хæсты 1-аг къæпхæны ордентæ, майдантæ.

Уыцы стуыхтдзинæдты тыххæй 1945 азы майы Карасевы сушагъд кодтой советон æфсæдтæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Хæстон-Уæлдæфон хæйтты. Ссис авиацийы инæлар-майор. 1959 азы каст фæцис Генералон штабы хæстон академи æмæ йæ снысан кодтой Уæлдæр Хæстон-авиацион училищейы хицауæй. 1968 азæй фæстæмæ ис запасы. Цæры Черниговы. Коммунист Карасев æвæрдиагæй кусы фæсивæды хæсты патриотон æмæ интернационалон хъомыладыл.

Йæ фидар ныфс æмæ лæгдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины æртæ, Сырх тырысайы цыппар, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæ æмæ майдантæ.

Райгуырæн Æрыдоны 1-æм скъолайы æмæ Орджоникидзейы политехникумы æрæджиаг. Æрцыд Цæгат Ирыстонмæ, Орджоникидземæ. Куыста алы рæтты. Коммунист Калоты Георгий разæнгардæй архайды фæсивæды хæстон-патриотон хъомыладыл

ХОТЫХ ÆМÆ ПЪЕРОЙÆ

Хæсты хæдфæстæ цыдæр хъуыддаджы фæдыл бафтыдтæн Джызæлмæ. Фысым агурын мæ нæ хъуыд — ирон стыр хъæуы мын бирæ уыдис тугхæстæгджытæ æмæ зонгæтæн. Уыдонимæ бахыстæн æз маехæдæг дæр Моргуаты хæрзæфснайд кæрты кулдуарыл. Æмæ мæ уæддæй фæстæмæ хонын нал хъуыдис уырдæм. Агисайы æмбæлттæй-ну уырдæм йæ къæхтæ кæй бахастой, уыдоны Хъамболаты бинонтæ нымадтой сæхи хъæбултæ æмæ æфсымæртыл.

Агыса къорд азы дæргъы куыста «Рæстдзинад»-ы редакцийы. Æмæ Ирыстоны бындурæн, кæмттæ æмæ хæхты сæрдæй-зымæгай йæ къах кæм нæ æрæвæрдта, ахæм нал баззад. Колхозон хуымæххытæ æмæ фосдарæн фермæтæ, бæрзонд сæрвæттæ æмæ сæрдыгон уæтæртæ, найгæнæн мустæ æмæ паддзахады къæбицмæ хорласæг чыраты фæндæгтæ... Уыдоныл сбаста Агыса йæ æрыгон цæрд æмæ журналисты æнæрынцой куыст. Æмæ сыл фыста, зæрдæйы уидæгтæ чи агайдта, ахæм уацтæ æмæ очерктæ. Рæсугъд ахорæнтæй ныв кодта фæллойы раззагдæрты сурæттæ æмæ йæ пъеройы цыргъ фындзæй рæхуыста магусаты æмæ гæртамхорты, хуысныздзинæдтæ æмæ фæлитойты, æнæуæг æмæ æнæгъдау адæймæгты буары нуæрттæ. Хурмæ калдта нæ царды фæллæрттæ. Уымæн нымад уыдис «Рæстдзинад»-ы хуыздæр æмæ зæрдæргъæвддæр журналисттæй иуыл. Уымæн æй хуыдтой йе 'мбæлттæ «цæргæрæсы базыртыл тæхæг».

Фæпæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау карз тохы бындуры æнафоны басыгъдысты уыцы базыртæ. Нал стахт йæ уарзон Ирыстоны зæххмæ. Нал бахызт йæ фыды хæдзары кулдуарыл... Фылдæр уыдæттыл уыд нæ нысасы сæр дæр уыцы изæр æмæ æхсæв Хъамболатимæ...

Агысайы коймæ-ну нæ зæрдыл æрбалæууыдысты «Рæстдзинад»-ы иннæ куысджытæ дæр — Агысайы æрдхæрдтæ æмæ хæлæрттæ. Иу æмæ дыууæ хатты не 'рфысым кодтой уыдон ацы фæрныг æмæ уазæгджын хæдзары. Иу æмæ сæ дыууæ хатты не 'сбуц кодта-Хъамболат ирон кадджын нуазæнтæй. Уарзта сæ йæхи хъæбулты хуызæн æмæ сæ нымадта йæхи бинонтыл.

Хъамболат никуы фембæлд Едзиты Сослæнбегимæ — Агысайы хæстæгдæр хæлæрттæй иу — Цинийы фыдимæ. Фæлæ цыдæр æмхуызонздзинад уыдис сæ миддунейы. Сослæнбеджы хæдзар дæр цух никуы кодта уазджытæй. Уæлдай арæхдæр æм æфтыдысты Цинийы æмбæлттæ. Уый дæр хæсты раз-

нийы хъуыдытæ комкоммæ баст уыдысты сфæлдыстадон нысантимæ. Фыста æмдзæвгæтæ. Йæ хъарутæ æвзæрста нывгæнынады æнвады. Цы æрмæджытæ мыхуыр кодта, уыдон бирæ цæмæйдæрты æндæрхуызон уыдысты иннæ журналистты æрмдзæфæй.

Бирæ хæттыты-ну афтæ рауадис, Цини-ну йæ балцæй афоныл кæд нæ æрбаздæхт. Къуыриагайттæ-ну баззад хæххон сæрвæтты кæнæ быдырон станты. Стæй-ну æрбаздæхт фæлладæй, фæлæ йæ зæрдæйы цин никуы мынæг кодта. Йе 'мбæлтты цæстыты раз-ну æрæвæрдта балцы уæвгæйæ-ну цы очерк æмæ æндæр исты æрмæг ныффыста, уый. Æмæ-ну мах дисы бафтыдыстæм: кæм ары уыйбæрц рæсугъд ахорæнтæ! Кæцæй къахы ахæм зæлланггæнаг дзырдтæ! Мæнæ цалдæр æхсæвы арвыста Хъæдысæр фыйфæутты уæтæры æмæ сын-ну йæ армы дзыхъхъы хæссæгау æрхаста сæ гуппар хъуыдытæ, сæ цинтæ æмæ сæ сагъæстæ. Æрмæг æмæ йæхи конд нывтæ диссаджы рæсугъд фидыдтой кæрæдзийыл. Афтæ æмбуар-ну рауадысты Цинийы фæллæйттæ хосдзаутæ, хор кæрдджытæ æмæ найгæнджытæ цардæй дæр. Æнæмæнг, ам Цинийы æрмдзæфыл æнæфæзынгæ нæ фæцис йæ фыд — зындгонд нывгæнæг Сослæнбеджы курдиат. Уыцы курдиатæй ноджы тынгдæр та фæхайджын Георги — Цинийы кæстæр æфсымæр... О, фæлæ йæ цард хæсты бындуры аскъуыд Цини — журналистæн, Цини — нывгæнæгæн, Цини — поэтæн дæр.

Сæхи сæрмагонд æрмдзæфæ æмæ журналисты уидæгтæй хицæн кодтой Хъуылаты Ладемыр æмæ Хъамбердиаты Хъасболаты дæр. Уыдоны нæмттимæ æнгом баст у ирон очеркы жанр райрæзын кæныны сæйраг фæндаг. Цæуын фыстой, цæмæй радысты æмæ цæуын тыхстысты, уыдæттæ сæ æфтыдтой журналисттæ-сгарджыты нысантæ агурыныл. Æмæ уый сæ къухы æфтгæ дæр кодта. «Рæстдзинад»-ы уæды рæстæджы номыртæ куы рафæлдахæм, уæд дзы ирдæй фондзыстæм Ладемыр æмæ Хъасболаты æвидигæ курдиатты цæстыхадгæ нывтæ. Фæлæ уыдоны дæр бахъуыд сæ уарзон куыстыл сæ къух сисын æмæ тугкалæн хæсты фæндагыл ацæуын, нæ бæстæйы дзыллæты сомбон бахъахъхъæныныл сæ цард нывондæн æрхæссын.

Кæнæ райсæм Бокоты Антъоны. Кæддæриддæр хæдæфсарм æмæ хицæн хъæугæ, æнæ уæлдай ми æмæ алцæуыл дæр арф хъуыдыгæнаг, цардыл æнцондæр æвзонг журналисты разæнгарддзинадимæ. Æмæ Антъон канд журналист нæ уыдис. Фыста радзырдтæ æмæ пьесæтæ дæр. Йæ æвзаг — сыгъдæг æмæ нуарджын. Цымæ цы фесты йæ литературон бынтæ! Къорд азы размæ ма мæм æрбахудта Антъоны иу пьесæ «Сау фæздæг». Радта мæм æй йæ цардæмбал Верæ (уый дæр журналисткæ уыдис). Стæй йæ фæстæмæ айста, машинкæйыл æй рамыхуыр кæнон, зæгъгæ, фæлæ нал рабæрæг йæ хъысмæт. Верæ уæззау рынчыны фæстæ амард.

Бирæ цыдæр хорздзинæдтæ æмæ уæздандзинады, журналисты куыстыл музæрдиондзинады миниуджытæй хайджын уыдысты Æлборaты Сауқуыдз æмæ Фидараты Георги, Дыдараты Валодя æмæ Хъесаты Солтан, Дзебойты Хазби æмæ Дзæхаты Темырхъан, Хъуыргъосты Иван æмæ Фæрнаты Заурбег, Хетæгкаты С. æмæ «Рæстдзинад»-ы уæды рæстæджы номыртæ куы рафæлдахæм, уæд дзы ирдæй фондзыстæм Ладемыр æмæ Хъасболаты æвидигæ курдиатты цæстыхадгæ нывтæ. Фæлæ уыдоны дæр бахъуыд сæ уарзон куыстыл сæ къух сисын æмæ тугкалæн хæсты фæндагыл ацæуын, нæ бæстæйы дзыллæты сомбон бахъахъхъæныныл сæ цард нывондæн æрхæссын.

Кæнæ райсæм Бокоты Антъоны. Кæддæриддæр хæдæфсарм æмæ хицæн хъæугæ, æнæ уæлдай ми æмæ алцæуыл дæр арф хъуыдыгæнаг, цардыл æнцондæр æвзонг журналисты разæнгарддзинадимæ. Æмæ Антъон канд журналист нæ уыдис. Фыста радзырдтæ æмæ пьесæтæ дæр. Йæ æвзаг — сыгъдæг æмæ нуарджын. Цымæ цы фесты йæ литературон бынтæ! Къорд азы размæ ма мæм æрбахудта Антъоны иу пьесæ «Сау фæздæг». Радта мæм æй йæ цардæмбал Верæ (уый дæр журналисткæ уыдис). Стæй йæ фæстæмæ айста, машинкæйыл æй рамыхуыр кæнон, зæгъгæ, фæлæ нал рабæрæг йæ хъысмæт. Верæ уæззау рынчыны фæстæ амард.

Бирæ цыдæр хорздзинæдтæ æмæ уæздандзинады, журналисты куыстыл музæрдиондзинады миниуджытæй хайджын уыдысты Æлборaты Сауқуыдз æмæ Фидараты Георги, Дыдараты Валодя æмæ Хъесаты Солтан, Дзебойты Хазби æмæ Дзæхаты Темырхъан, Хъуыргъосты Иван æмæ Фæрнаты Заурбег, Хетæгкаты С. æмæ «Рæстдзинад»-ы уæды рæстæджы номыртæ куы рафæлдахæм, уæд дзы ирдæй фондзыстæм Ладемыр æмæ Хъасболаты æвидигæ курдиатты цæстыхадгæ нывтæ. Фæлæ уыдоны дæр бахъуыд сæ уарзон куыстыл сæ къух сисын æмæ тугкалæн хæсты фæндагыл ацæуын, нæ бæстæйы дзыллæты сомбон бахъахъхъæныныл сæ цард нывондæн æрхæссын.

Кæнæ райсæм Бокоты Антъоны. Кæддæриддæр хæдæфсарм æмæ хицæн хъæугæ, æнæ уæлдай ми æмæ алцæуыл дæр арф хъуыдыгæнаг, цардыл æнцондæр æвзонг журналисты разæнгарддзинадимæ. Æмæ Антъон канд журналист нæ уыдис. Фыста радзырдтæ æмæ пьесæтæ дæр. Йæ æвзаг — сыгъдæг æмæ нуарджын. Цымæ цы фесты йæ литературон бынтæ! Къорд азы размæ ма мæм æрбахудта Антъоны иу пьесæ «Сау фæздæг». Радта мæм æй йæ цардæмбал Верæ (уый дæр журналисткæ уыдис). Стæй йæ фæстæмæ айста, машинкæйыл æй рамыхуыр кæнон, зæгъгæ, фæлæ нал рабæрæг йæ хъысмæт. Верæ уæззау рынчыны фæстæ амард.

ХЪОМЫЛ КÆНÆМ ПАТРИОТТÆ

Хъæдгæройнаг лæппу

Хуытъинаты Аслан хъуыды дæр никуы акодта, искуы йæ денджызон флоты службæ кæныны кæй бахъæудзæн, уыл. Фæлæ уырдæм хъаруджын, ныфсхаст лæппутæ февзарынц, уый æнæзонгæ нæ уыд. Дæс къласы Хъæдгæроны астæуккаг скъолайы фæци. Бафæндыд æй дарддæр ахуыр кæнын, æмæ бацыд горæт Орджоникидзейы «Цæгирфæлхасцæдис»-ы кооперативон училищемæ. Ам куыддæр йæ ахуыр фæци, афтæ йæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Афæндараст æй кодтой службæмæ йæ ныййарджытæ, хорз æмгæрттæ. Горæт Одессæмæ сæ куы ныл-

ластой, уæд базыдта, денджызон флоты кæй службæ кæндзæн. Æмæ йын уый тынг æхсызгон уыд. Æнхъæлмæ йæм кастысты дард денджызон балцытæ. Фыццаг письмойæ ныййарджытæм куы сæрвыста, уæд йæ зæрдæйы рæсугъд æнкъарæнтæ нæ бамбæхста:

«Мæ зынаргъ бинонтæ, сымах куы зониккат, цæй рæсугъд у горæт Одессæ, — фыста Аслан, — уæлдайдæр Сау денджыз сæумæрайсом. Науы ленк кæнгæйæ дзы æхсидын, фидардæр кæны мæ 'нæниздзинад. Æрæджы рафыстон газеттæ. Мæ къухы бафтыд газет «Рæстдзинад» рафыссын дæр. Тынг цымыдисæй йæм æнхъæлмæ фæкæсын, нæ хъæуы цардæй дзы бакæсын уацхъуыдтæ...».

Ныхас кæнæм Асланы мад Зоямæ. Йæ лæппуйы коймæ йæ цæсгом ныррухс. Æмæ куыннæ, ахæм æхсарджын æмæ фæллойуарзаг хъæбул схъомыл кодта. Æвдисы мæм Асланы командирты архæйы писмотæ.

— Аслан йæхæдæг афтæ фыссы, — дзырдта мад, — командиры арфæйы писмотæ, дам, газетмæ дæттынвæнд куы скæнай, уæд сæ арвит «Рæстдзинад»-мæ.

Ирон адæмæн сæ фыдæлтæ кæмдæриддæр æмæ кæддæриддæр сæхи хъæбатырæй æвдыстой. Нæ фыдæлты туг хъазы Хуытъинаты лæппуйы уæнгты дæр.

Абон нæ газеткæсджыты зонгæ кæнæм Асланы командиры писмотæй иуимæ:

«Зынаргъ Ростислав Азейы фырт æмæ Зоя Никъалайы чызг! Уæ лæппу Аслан службæ кæны арæнхъæхъхъæнæг æфсæддон хайы, æххæст кæны кадджын æмæ бæрнон хæс нæ Социалистон Фыдыбæстæ хъахъхъæныны хъуыддаджы. Зæрдиагæй кусы хæстон техникæ хуыздæр базоныныл, активнаей архайы хæстон коллективы æхсæнадон хъуыддæгты. Цырддзаст, фæллойуарзаг æмæ хоммæгæс хæстонæн стыр аргъ кæнынц йе 'мбæлттæ, командиртæ. Йæ æрæхстдзинæй фæллойæн ын стыр аргъ скодта æфсæддон хайы разамынд — лæвæрд ын æрцыд хæстон æмæ политикон цæттæдзинады отличникы рнуылдæрæн нысан. Æфсæддон хъуыддæгты æвдисы иттæг хорз цæттæдзинад, йе 'мбæлтты разæнгард кæны ног æнтыстытæм. Æвæллайгæйæ кусы йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæныныл. Сымахæн уæ бон у уæ фыртæй сæрыстыр уæвын, уæ фæдзæхст — Райгуырæн бæстæйæн аккаг хъæбул у, зæгъгæ, йæ бон æххæст кæнын кæй у, уый тыххæй. Стыр арфæ ын кæнæм, нæ Социалистон Фыдыбæстæйæн хъахъхъæнæг кæй схъомыл кодтат, Нæ зæрдæ уын зæгъы фæллойадон æнтыстдзинæдтæ уæ кусты, фидар æнæниздзинад æмæ стыр амонд.

Æфсæддон хайы командир Архипов, Политикон хайады сæргълæууæг Васюков».

ТЕПСЫХЪОТЫ З.

СПОРТ

БÆРÆГБОНЫ КАДÆН

Фæскомцæдисон парчы ахицæн сты Ленины районы астæуккаг скъолаты, кооперативон училищейы æмæ паддзахадон медицинон институты студентты ерыстæ згъорынæй.

Фæуæлахиз сты 28-æм скъолайы, кооперативон училищейы æмæ медицинон институты командæтæ.

Хицæн спортсментæй сылгоймæгты æхсæн фыццаг уæлахизадзау ссис кооперативон училищейы ахуырдзау Еленæ Евтушенко. Уый 1000 метрмæ згъорынæй уыдис фыццаг. Ацы дæрддзæгмæ нæлгоймæгты æхсæн фыццаг бынат бацахста 28-æм скъолайы ахуыргæнинаг Сергей Голдин.

2000 метрмæ фыццаг бынат бацахста 28-æм астæуккаг скъолайы дæсæм къласы ахуыргæнинаг Хъайтыхъты Руслан, чызджытæй ацы дæрддзæгмæ æппæтæй тагъддæр азгъордта паддзахадон медицинон институты фыццæгæм курсы студенткæ Наташæ Макаренко.

3000 метрмæ чи ерыс кодта, уыдон уыдысты 12 адæймаджы æмæ æнцон нæ уыдис фæуæлахиз уæвын. Фæлæ уæддæр спортивон тохы фыццаг бынат бацахста медицинон институты студент Гуырцъыты Марат. Ерыстæ уыдысты Уæлахизы 45 азы бæрæгбоны кадæн.

БОГАЛЫ НОМЫЛ

Горæт Махачкалайы спорта фыццаг бынат, дыккаг бынатмæ рацыд Орджоникидзейы 25-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнинаг Андрей Годовников, æртыккаг бынæттæ се 'муæзонты 'хсæн бацахстой Коцойты Алан (38-æм скъола), Касаты Алан (42-æм скъола), Кокойты Хетæг (16-æм скъола), Джыккайты Алан (38-æм скъола) æмæ Хъæцмæзты Алан (1-æм скъола).

ÆМБЫРД

Республикæйы Физкультурæйы Хæдзары уыдис Цæгат Ирыстоны АССР-йы Физкультурæ æмæ спорты паддзахадон комитеты дзуапдæттæн-æвзарæн партион æмбырд. Партион организаци ивгъуыд аз куыд куыста, йæ нысантæ куыд æххæст кодта, уый тыххæй доклад скодта партион организацийы секретарь Хачатур Бадалян.

Доклады фæдыл раныхас кодтой УСФСР-йы физкультурæ æмæ спорты сгуыхт кусæг, спорты сгуыхт мастер Хъуылаты Барис, хæсты ветеран, Цæгат Ирыстоны АССР-йы физкультурæ æмæ спорты сгуыхт кусæг Къуыллыты Нараил, УСФСР-йы сгуыхт тренер Владислав Иванов. Спорткомитеты организацион хайады сæргълæууæг Виктор Виничéнко, спорты ветеран Марк Сайдаковский. Æмбырды рахастой уынаффæ партион организацийы кусыст фæхуыздæр кæнынц тыххæй, нысангонд æрцыдысты спорт æмæ физкультурон кусыст дзыллон скæнынц, спортизадæн стыр ахадындзинад уыдзæн. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты совæтон адæмты минæвæртты хъæбатырдзинад тæмæ лæгдзинады тыххæй очерктæн.

Чиныджы зæрдæмæдзæугæ æрмæг ис, ирон адæмы намыс джын хъæбул, зындгонд хæстон разамонæг, Советон Цæдисы Хъæбатыр Хетæгкаты Георгийы тыххæй.

Л. АЛЕНКИН.

ЧИНЫГУАРЗДЖЫТÆ

Орджоникидзейы С. М. Кировы номыл вагæттæцалцæггæнæн заводы партион кабинеты библиотекæйы егъау залы байгом, азы райдайæнæй нырмæ цы ног чингуытæ самал кодтой, уыдоны равдыст. Хæрз æрæджы йæ фенынмæ æрбацыдысты куыстуаты фæллойгæнджытæ, разамонджытæ, цехты хицæуттæ, бригадиртæ, сменæйы мастертæ. Цæвиттон, чиныг чи уарзы, уыдон.

Равдысты уæвджытæн библиотекæйы сæргълæууæг Таисæ Яровенко сарæзта мидисджын беседæ, цы ног чингуытæ райстой, уыдоны авторты тыххæй. Цыбырæй сын радзырдта алы чиныджы мидис æмæ сæйраг хъайтарты фæдыл. Ноджыдæр ма ну хатт бамбарын кодта чиныг райсыны, уый фæстæ та йæ фæстæмæ сыгъдæгæй раттыны æгъдæуттæ.

Чингуырзарджытæн арфæйы ныхас ракодта партхомы секретарь Владимир Бахмат.

Равдысты архайджытæй бирæтæ сæхимæ ацыдысты чингуытимæ.

КЦОЙТЫ Астемыр.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ХОНÆМ УÆ АХУЫРМÆ

хъæуы цæрджытæ дæр, фашистон æрдонгтæ сæм куы æрбалæгæрстой, уыцы фыдræстæг. Сæдæгай джызæйлæгтæ сæ сæртæ нывондæн æрхастой нæ Райгуырæн бæстæйы сæрибардзинад, кад æмæ намыс бахъахъхъæныныл карз тохы бырты. Уыдонимæ уыдис Хъамболаты хистæр фырт Алыксандр дæр.

Æрыгон лæппуйæ базонгæ дæн æз Алыксандримæ. Йæ хъæлдзæг æмæ хæларзæрдейы ахаст, ирон хъазты йæ нæртон æрдз æмæ цæрджытæ кафт, æмгарæн æмæ хæларæн йæ уд радтынмæ дæр йæ нугæндзон цæттæдзинад, бæлвырд нысанмæ йæ рнуымбæрц цæуынмæ араехстдзинад, йæ цæстыты цæхæр æмæ цыдæр диссаджы фæлмæн мидбылты хуат... Уыцы минуджытæ йæм æнгом æлхъывтой йе 'мгар фæсивæды. Уыдонмæ гæсгæ йын æргъ кодтой хистæртæ æмæ йæ кæстæртæ дæр. Йæ фыд Хъамболаты уазæгджыл хæдзармæ-иу цафонфæнды дæр дуар байгом кодтой Агы-

цы нæвæр æмæ æхсæв Хъамболатимæ...

Агысайы коймæ-ну нæ зæрдыл æрбалæууыдысты «Рæстдзинад»-ы иннæ куыдзытæ дæр — Агысайы æрдхæрдтæ æмæ хæларттæ. Иу æмæ дыууæ хатты не 'рфысым кодтой уыдон ацы фæрныг æмæ уазæгджын хæдзары. Иу æмæ сæ дыууæ хатты не 'сбуц кодта Хъамболат ирон кадджын нуазæнтæй. Уарзта сæ йæхи хъæбулты хуызæн æмæ сæ нымадта йæхи бинонтыл.

Хъамболат никуы фембæлд Едзиты Сослæнбегимæ — Агысайы хæстæгдæр хæларттæй ну — Цинийы фыдимæ. Фæлæ цыдæр æмхуызондзинад уыдис сæ миддунейы. Сослæнбеджы хæдзар дæр цух никуы кодта уазджытæй. Уæлдай арæхдæр æм æфтыдысты Цинийы æмбæлттæ. Уый дæр хæсты размæ «Рæстдзинад»-ы куыста. Агысаимæ нымæ арæх цыдысты журналистон балцыты. Цы сæ иу кодта! Уый абон зын зæгъæн у, уымæн æмæ Цы-

Æмæ уый хорз у. Фæлæ мæм иу хъуыддаг дис кæсы: хæсты бындыры чи байсæфт, уыцы журналистты тохы фæндæгты тыххæй ницы æрмæг ссарæн нс Мыхуыры хæдзары музейы. Бæрæг нæу, чи дзы кæм хæцыд æмæ кæм фæмард, уый дæр. Ахæм æрмæг æрæмбырд кæнын æмæ йæ музейы æрæвæрын та, мæнмæ гæсгæ, æфтæ зын нæу. Уыцы хæс хъуамæ сæхимæ райсой партион рауагъдады, комкоммæ та Журналистты цæдисы разамонджытæ.

ЦЫРЫХАТЫ Михал.

БОГАЛЫ НОМЫЛ

Горæт Махачкалайы спортивон залы ахицæн сты Дагестаны хъæбысхæст дзюдойы бындурæвæрæг, номдзыд богал Хаджи Хриевы номыл ерыстæ дзюдойæ. Архайдтой дзы Цæгат Кавказы æрыгон богæлттæ. Ерыстæ ахицæн сты фысымты уæлахизæй. Дыккаг бынатмæ рацыд Цæгат Ирыстоны командæ, æртыккагмæ та Кæсæг-Балхъары.

Хицæн спортсменты ерысты нæ-лæппутæ авдæй бацахстой призон бынæттæ. Уыдоны 'хсæн тынгдæр фесгуыхт орджоникидзейаг. 16-æм профессион-техникон училищейы ахуырдзау Бекуызарты Захар. Уый йæ хъарутæ æвзæрста 95 килограммы уæзы æмæ бацахйæ нысантæ куыд æххæст кодта, уый тыххæй доклад скодта партион организацийы секретарь Хачатур Бадалян.

Доклады фæдыл раныхас кодтой УСФСР-йы физкультурæ æмæ спорты сгуыхт кусæг, спорты сгуыхт мастер Хъуылаты Барис, хæсты ветеран, Цæгат Ирыстоны АССР-йы физкультурæ æмæ спорты сгуыхт кусæг Къуыллыты Израил, УСФСР-йы сгуыхт тренер Владислав Иванов, Спорткомитеты организацион хайады сæргълæууæг Виктор Виниченко, спорты ветеран Марк Сайдаковский. Æмбырды рахастой уынаффæ партион организацийы куыст фæхуыздæр кæныны тыххæй, нысангонд æрцыдысты спорт æмæ физкультурон куыст дзыллон скæныны, спортивон арæзтæдтæ фæфылдæр кæныны æмæ спортсменты дæсныйад фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ.

Æмбырды уæвджытæ равзæрстой партион организацийы ног бюройы уæнгтæ. Секретарæй ногæй æвзæрст æрцыд Хачатур Бадалян, йæ хæдивæгæй Виктор Виниченко.

Районы партион организацимæ делегатæй æмбырды уæвджытæ равзæрстой Спорткомитеты сæрдары хæдивæг Олег Аненковы, горæты æмæ облæстон партион конференцимæ æмбырды уæвджытæ бахастой Спорткомитеты сæрдар Андиаты Сосланы кандидатурæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

МÆНÆЙ КУЫРДТАТ...

Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы редакцийæ райстон фыстæг. Зæгъæн куыд нæй, афтæ æхсызгон мын уыдис. Бузныг! Фыстæджы мæнæй куырдтой, цæмæй уын фехъусын кодтаин, Стъараполы крайы станицæ Курскаяйы цавæр ирон мыггæгтæ ис, уыдон. Æмæ уын æхсызгонæй хъусын кæнын: станицæйы цæры, Ирыстоны арæх чи у, уыцы мыггæгтæ, ис дзы, уæхимæ кæуыл не 'мбæлут, ахæмтæ дæр. Табуафси, уæхæдæг сæм æркæсут: **Фæрнатæ, Плитæ, Баскатæ, Цæлойтæ, Дзапартæ, Габайтæ, Таучелтæ, Къарцайтæ, Хæбелонтæ, Дзадзитæ, Къолитæ, Ботитæ, Качатæ, Урыймæгтæ, Хъæрджытæ, Тумæратæ, Точитæ, Цецитæ, Быгъуылтæ, Мисеттæ.** Мæхи мыггаг у **Тæпситæй** (айразмæ «Рæстдзинад»-ы рæдыдæй рацыд Тепситæ).

ТÆПСИТЫ Фатимæ,
ст. Курская.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Газет мыхуыр кæны округты æвзарæн къамисты хъусынгæнинаг Советтæм дыккаг хатт æвзæрстыты тыххæй.

Номыры ис радон фарс «Ногдзер кæныны — ныхас съезды агъоммæ», Цæгат Ирыстоны АССР-йы Æдасдзинады паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæг Сидахъаты Юрийы статья «Афон у рæстдзинад зæгъынæн».

Номыры ма бакæсæн ис республикæйы юстицийы министрады адæмон хæдзарады барадон куысты хайады сæйраг специалист Т. Зотовайы ныхас, æндæр æрмæг.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ХОНÆМ УÆ АХУЫРМÆ

СТЪАРАПОЛЫ КРАЙЫ ПЕРВОМАЙСКЫ 12-æм ПРОФЕССИОН-ТЕХНИКОН УЧИЛИЩЕ ИСЫ АХУЫРДЗАУТЫ 1990—1991 АХУЫРЫ АЗМÆ АХÆМ ДÆСНЫЙÆДТЫЛ:

мастер-цыхтахсæг (ахуыры рæстæг — 2 азы, ист цæуынц, астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон; **мастер цыхтахсæг**, ахуыры рæстæг — 3 азы, ист цæуынц, æнæххæст астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон);

химион-технологон анализы лаборант (ахуыры рæстæг — 1 аз, ист цæуынц, астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон);

уазалгæнæн кусæндзаумæтты машинист (ахуыры рæстæг — 1 аз, ист цæуынц, астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон).

Училищемæ цæугæйæ бавдисын хъæуы ахæм документтæ:

курдиат директоры номыл,
документ ахуыргонддзинады тыххæй,
медицинон справкæ (формæ № 086/у),
цыппар къамы, сæ ас — 3х4 см.

Астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ нс, уыцы къорды ахуырдзаутæн фыст цæудзæн стипенди 70 сомы мæй. Æнæххæст астæккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдонæн дæтдзысты лæвар хæринаг, дарæс.

Училище кастфæуæвджытæ æрвыст цæудзысты кусынмæ Цæгат Кавказы республикæтæм, УСФСР-йы æндæр регионтæм.

Училищейы ис æмдзæрæн, спортивон зал, фæллойы æмæ фæлладуадзæн базæ Сау денджызы былгæрон.

Училищейы адрис: Стъараполы край, Малокарачаевскы район, Первомайскы хъæу (цæуæн æм ис автобусыл Кисловодск-Терезейæ станцæ «Первомайское»-йы онг.

УЧИЛИЩЕЙЫ ДИРЕКЦИ.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры

26
АПРЕЛЫ
«ЗÆЛИЙЫ ЧЫНДЗЫТÆ»
Спектакль райдайдзæн изæры авд сахатыл.

362015 — ЦИАССР,
г. Орджоникидзе,
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæдмагæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуыри та — фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 01895.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 233

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи,
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.